ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-М И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЭРЭ КЫДОКI

№91 (24.217) ● 2021 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 31, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Iэтащхьэр хэтащ КИФЩI-м социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ зегъэужьыным теухуа зэIущIэм

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Новак Александр бадзэуэгъуэм и 29-м Пятигорск къалэм щригъэкIуэкIащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ зегъэужьыным теухуа зэIущIэ.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ **Чайкэ Юрий**, УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Решетников Максим**, УФ-м энергетикэмкIэ и министр **Шульгинов Николай**, УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Волков Дмитрий**, округым хьыбэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр.

ЗэIущIэм нэхъыщхьэу зыщытепсэлъыхьащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ зегъэужьыным теухуа зэIущIэу мэкъуаугъуэм и 15-м Пятигорск щригъэкIуэкIам пщэрылъ къащыщIащ щытахэр гъэзэщIа зэрыхъурщ. УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм игъэхьэзыра методикэм тету, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым хьыбэ щIыналъэхэм мы зэманым и кIэм нагъэсащ 2030 гъэ пщIондэ абыхэм зэрызэужьыну щыкIэр щыубзыхуэ дэфтэрхэр гъэхьэзырыныр. Кавказ Ищхьэрэм хэтщIыкIыу нэхъ зезыгъэужьыну Iэнатlэу къалъытар туризмэрщ.

Новак Александр жIаI УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм 2035 гъэ пщIондэ зэрызрагъэужьыну программэщIэ зэрызэхилъхьар. Абы къэралым и Правительствэм щыхоплъэ икIи мы гъэм къащтэнкIэ хуэунущ.

Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ министр Решетников Максим утыку кърихьащ КИФЩI- м хьыбэ щIыналъэхэм экономикэ и лъэныкъуэкIэ зэрызэужьыну щыкIэхэр. «Зэрыщыту къащтэмэ, аэр щIыналъэхэм инвестицэу къыхалъхьэхэм хэгъэхъуэным хуэунэтIа «гъуэгу картэщ», абыхэм я экономикэхэр зыужьыныгъэм хуэзыщIну лъагэуэщ. Дэ зэхьадолъхьэ КИФЩI-м и щIыналъэ псоми зэдзуэу заужьыным хуэгъэпса Iуэху бгъэдыхьэкIэ», - къыхиригъащащ министрым. Ар щхьэхуэу къытеувыIащ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм ехьэлIа Iуэхухэм: «ЖКХ-м и лэжьыгIэр тэмэму зэтехуэным, ныкъусаныгъэхэр лъэныкъуэ егъэзыным щыхухэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэр иригъэфIэкIуэнущ, кьиныдзкIэ, инвестицэу къыхалъхьэм, лэжьапIэ Iэнатlэхэм къыхигъэхъуэнущ, сыту жыпIэмэ ЖКХ-м и Iуэхутхьэбзэхэм щIэупщIэр куэд мэхъу икIи абы елъытащ нэгъуэщI Iэнатlэ куэди».

Чайкэ Юрий къыхигъащащ КИФЩI-м и щIыналъэхэм я экономикэм зэрызебгъэужьыфыну хэкIыпIэ нэхъыфIу щытыр туризмэр зэрырар. «Мыхьэнэшхуэ иIэщ инвесторхэм дзэхьэхьын щытыкIэхэр щыпIэхэм къащыхуэзгъэпщыным, абдежми гулъытэ хэха хуэщIын хуейщ щIыхум и узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэм я щIыуэпсыр зэгъэзэхуаэ зэрызэсэбэпын, ахэр къэкIуэну щIэблэхэм яхузэхъумэн зэрыхуейм», - жIаIащ Президентым и полномочнэ лIыкIуэм.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зэIущIам къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2030 гъэ пщIондэ экономикэ и лъэныкъуэкIэ зэрызиужьыну щыкIэм теухуауэ. Къапщтэмэ, КIуэкIуэ Казбек жIаIащ: «ЩIыналъэм 2030 гъэ пщIондэ зэрызиужьыну дубзыхуам хохьэ инвестицэ проект 64-рэ, псори зэхэту сом мелард 300 хуэзэу. Абы я фIыгъэкIэ лэжьапIэ Iэнатlэ мин 22-рэ кьиязIутхыну Iэмал диIэнущ, абы кърикIуэнуращи, щIыхуэм Iэнатlэ ямыгъэзыту зыхэт гугъуехьэхэр абы игъэмэщIэнущ». ТегъэщIапIэ нэхъыщхьэ ящIыну проектхэм ящыщу республикэм и Iэтащхьэм къигъэлъэгъуащ зыгъэпсэхупIэхэм зегъэужьыныр, теплицэшхуэхэр зэрызэхащIыну, вольфрам-молибден къыщIэхьыпIэхэр лажьэу ирагъэжьэжыныр. «ДыззрыщIыгугъэмкIэ, республикэм и щIыналъэ продуктыр 2030 гъэм ирихьэлIэу хуэдитIкIэ нэхъыбэ хъунущ. Налогыу мы зэманым ильэсым кьриубыдзу къыхэкI сом мелард 15 хуэдизыр 2030 гъэм ирихьэлIэу сом мелард 80-м нэдгъэсыну ди мурадщ, абы папщIэ республикэм лъабжьэ быдзэкэр иIэщ», - жIаIащ абы.

КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ республикэм курыт Iэщlагъэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджапIэфIэхэр зэриIэр. Апхуэдэуи жIаIащ я хэхъуэкIэ зыхуэдизыр къамыгъэлъэгъуэу Iэнатlэ пэрытхэр, щэхуу лажьэ хьэрычэт Iуэхущlапlэхэр наIуэ къэщIыным хуэгъэза лэжьыгъэхэри зэрыщIагъэхуэбжьынур, абыи Iэмал къытынущ НДФЛ-м хэгъэхъуэныжмкIэ. «Зы лэжьапIэ Iэнатlэм цIыкум къыщыщIихэкIуэр 2030 гъэм ирихьэлIэу пэрытот 35-м нэсу хэхъуэн хуейщ, ауэ ди дежкIэ ари мащIэщ. ИкIи дэ ди мурадщ абы нэхъ жыдджэру делэжьыну. Иджыблагъэ унафэ хъэтщтащ бюджет Iэнатlэм пэрытхэм я улахуэхэм проценти 10-кIэ хэдгъэхъуэныным теухуауэ, 2022 - 2023 гъэхэми а лэжьыгъэм пытщIну ди мурадщ, бюджет зэхэтIыкъэр абы тещIыхьауэ щытынущ», - жIаIащ КIуэкIуэ Казбек.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

● Пщэдей Хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэщ

Ди лъэпкъэгъу лъапIэхэ, сынывохъуэхъу!

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим шыщхьэуIум и 1-м Хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэр щагъэлъапIэ.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, ар Адыгэ Республикэм къэрал унафэкIэ щагъэлъапIэ 1998 гъэ лъандэрэ. ШыщхьэуIум и яп махуэр къыщIыхахар яп дыдэу Косовэ къикIыжу ди лъэпкъэгъуэр абы щыгъуэм къызэрыкIуэжаращ.

Урысей Федерацэм и унафэщIэхэм ящыдаIыгъыу ирагъэкIуэкIа Iуэху иным къигъэлъэгъуар ди къэралым и лъэпкъэгъуэхэм яхуищI гулъытэм и закъуэкъым, атIэ езым и пщIэри нэхъ лъагэ ищIащ, аджькъ Хэкум къэзыгъэзэжыну хуейхэм псэщIэ яхилъхьэжащ.

Мы зэманкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ къуаш республикэхэмрэ къагъэзэжауэ щопсэу Косовэ, Тыркум, Сирием, Израилым, Германием, Иорданием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм кьикIыкIа ди лъэпкъэгъуэр. Псори зэхэту цIыху мини 5 мэхъу, абыхэм ящыщу мини 3-р Сирием къиIэпхъукIыжащ.

Ахэр псори къэрэлымрэ лъэпкъымрэ я зыужьыныгъэм толажьэ. Ди республикэхэм я унафэщIхэм лэжьыгъэшхуэ зэфIах ди лъэпкъэгъуэхэр зыIущIэ лъэпощхьэпохэр щхьэщахыу адэжь щыналъэм щекIуэкI гъащIэм тыншу хэзэгъэжыным теухуауэ.

Мыхьэнэшхуэ иIэщ хамэ хэкърал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм яхудиIэ пыщIэныгъэр зыгъэбыдэ лэжьыгъэм. Ар адыгэм и зыхъумэжныгъэм, зэкъуэтныгъэм я закъуэкъым зыхъущхьэпэнчр, атIэ ахэр щыпсэу щыпIэхэмрэ ди къэралымрэ зэдэлэжьэныжмкIи сэбэпщ.

Ди къуэшхэ, ди шыпхъухэ!

Хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэм ди лъэпкъым, дэнэ къэралри щыпсэу адыгэхэм мамырыгъэ, efIэкIуэныгъэ, ехьулIэныгъэ фиIэну сынывохъуэхъу! Сыхуейт мы махуэр ди лъэпкъэгъуэхэр адэжь Хэкум къеджышэлIэж, нэхъ пэгъунэгъу хуэзыщI хьуну.

Уэныщагъэ быдэ, дуней мамыр, ехьулIэныгъэ фиIэну си гуапэщ.

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

КъэкIуэжыну хуеймэ, IэмалхэрщыIэщ

Мелуаниблым зэрынэхьсу къалъытэ адыгэ лъэпкъыр нобэ къэрал 50-м щIигъуэ щопсэу. Илъэси 150-м щIигъуауэ нэгъуэщIхэм яхэс ди къуэшхэмрэ шыпхъухэмрэ Iэмалрэ зэфIэкIыу яIэр ирахьэлIэ я бзэмрэ хабзэмрэ яхъумэным. Сыт хуэдиз бэлыхь я псэм дэлъу псэуами, абыхэм яхузэфIэкIащ лъэпкъ зэхэщIыкIыр ямыгъэкIуэдыну, къащIэхъуэ щIэблэр зыщIащ лъэпкъыр ящIэу къагъэхъуну.

СИ ПСАЛЪЭХЭМ щыхьэт ятехьуэ куэд сыщрихьэлIащ лэжьыгъэ Iуэхукlэ сыздэщIа къэрал зыбжанэм. Тыркум ис адыгэхэм ящIущ нэхьыжьхэмрэ курыт ныбжьым итхэмрэ хамэщI щыпсэуу къыпхуэмащIэн хуэдизу, я нэхъыбэм бзэр яIурылъщ, ахэр нэхъ хущIокъу я щIалэгъуалэр хэкум къагъэкIуэну, щагъэджэну, щагъэпсэуну. Гур хегъахъуэ Германием ис адыгэ нэхъыжьыIуэхэми адыгэбзэмрэ адыгагъэмрэ зэрахъумам, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, щIалэгъуалэм бзэр ящIэжыркъым. ГъэщIэгъуэнщ гу зыльыста зы Iуэхугъуэ: адыгэбзэкIэ мыпсалъэми, европей теплъэ иIэми, а фестивалхэм къыщыхэзхуэс щIалэгъуалэм яхэлъ адыгагъэм адрейхэм къащхьащIегъэкI. ИгъащIэкIэ я теплъэкIэ хуумыгъэфэщэнуми, хабзэ яхэлъу, я адыгэ унэцIэр ящIэжу апхуэдэщ нэмыщхэм яхэс щIалэгъуалэр.

Адрей къэралхэм елъытауэ, сыт и лъэныкъуэкIи зи Iуэху дэкIыу, си пщIэр зыныгъыжу лъэпкъым къытэтыр Израилым исхэращ. Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ щыпсэу ди лъэпкъэгъуэр адыгэ нэсу къызэтенащ. Зы цIыху хьэрыпльбзэкIэ е журтыбзэкIэ щыпсалъэркъым абы. Сыт щхьэкIэ? Хамэбзэр зэрапэсыркъыми! Езыхэм я анэдэлъхубзэр нэхъыфIу ялъагъури! Абы къыщалъхуа адыгэм дзюнэм щыIэми и бзэр ехьумэ, и щIэблэм ирегъащIэ. СыздэщIа унагъуэм я къуэр США-м, я зы пхъур Австриием, адрейр Израилым щыпсэурти, гъэмахуэм я адэм и лъэпсэм - Кфар-Камэ - щIалэгъуалэм яхэлъ адыгагъэм ящIэжыну. Нобэкъ я къэкIуэжа зэдэлъхуэзэшыпхъуэм я бынхэм. А цIыкIуэр псори адыгэбзэ кьабзэкIэ щызэдзэуэрщэр пщIантIэм нурыр къыдиухырт, хэкужьми и адыгэ къуажэжь ущыIэу къыпщигъэхъурт.

ХэкумкIэ зигу къагъэза ди лъэпкъэгъуэ Iуэхурэ лъапсэрэ хамэ къэралхэм щыгъэтезыухуахэм занщIэу зыкъащIэу зыгъэрымыIэпхъуэжьифынур гурыIуэгъуэщ, ауэ хэжьыпIэр гъунэжщ, адыгэу къыззытенэну хуейр закъуэмэ.

1990 гъэхэм къэрал гъунапкъэхэр зэIуаха нэужь, хэхэс адыгэхэр я хэку нэхъ къихьэж хъуащ, зрагъэлъагъуну, зыщапльхьыныр, я аджькъэм я узэст ягъэзэщIэну. Абы щыгъуэм къэIэпхъуэжьипэну тегушхуаехэри щыIэщ. Пэжщ, альандэрэ къэзыгъэзэжар мащIэ дыдэщ. Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгеи, Къэрэшей-Шэрджэс щIыналъэщIи зэгъусэу къапщтэмэ, мин зыбжанэ ирикъуну ягъэкIынщ ди бзэ къэIэпхъуэжахэм Хэкужьым къыщалъхуа щIэблэ къаззрыщIэхъуэр, ахэр курыт школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэсщ, мэлажьэ. Мы гъэм школыр ныбжьыщIипщым къаухащ, абыхэм яхэтщ предмет зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ балли 100 къэзыхьахэри.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

(Хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэм теухуа тхыгъэхэм фыкъыщеджэ етхуанэ напэкIуэцIым)

КIуэкIуэ Казбек УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Решетников Максим щыгъуазэ ищIащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и туризм Iэнатlэм и зэфIэкIым

Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ Iуэхукlэ щыIащ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Решетников Максим. Абы щыIуащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек министрыр щыгъуазэ ищIащ «Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэм и Iэныгъэхэм, «Налшык» курортым зэрызрагъэужьыным и мастер-планым.

ЗэIущIэм хэтащ УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Волков Дмитрий**, УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм социально-экономикэ я лъэныкъуэкIэ зегъэужьыным ильэс 2035-м нэсу щIыналъэхэм я лъэныкъуэкIэ зэрыщIэнущ. «Мы гъэм и мэлыхьыхьым къыщыщIадзауэ «Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэр хыхьащ «Кавказ Ищхьэрэм и зыгъэпсэхупIэхэр» Iэнатlэм. 2030 гъэм ирихьэлIэу зэфIэдгъэкIыну ди мурадхэм ящыщу бгы кьежэхьапIэ гуэугуэр километр 17-м и пIэкIэ 47-м нэдгъэсыну, цIыху мини 4,2-м зэуэ зыщагъэпсэхуфын хуэдэу зедгъэубгъуну. Илъэсым и кIуэцIкIэ турист мелуаным щIигъу кьедгъэлэгъэфыным ди Iуэхур хуэзтедуэунущ», - жIаIащ Тымыжь Хьэсэн.

«Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэм и лэжьыгъэм зыщагъэгъуэза нэужь ирагъэкIыжащ илъэс щIыпIэ цIыхухэм зрагъэпсэхуныжмкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр щызэпкъраха зэIущIэ. Решетников Максим къыхихIащ мы гъэм и яп илъэс ныкIуэм Iуащхьэмахуэ зыщызэпсэхуахэм я бжыгъэр 2019 гъэм зэрыщытам нэхъри (процент 62-кIэ хэхъуащ), 2020 гъэм нэхъри (процент 215-кIэ) зэрынэхъыбэр. «ЗыгъэпсэхупIэм куэдкIэ нэхъыбэ хуэзфIэкIынущ, - жIаIащ министрым. - «Iуащхьэмахуэ» курортым зегъэужьыным 2023 гъэ пщIондэ трагъэкIуэдэнущ сом мелардж 8,6-рэ. А ахъшэмкIэ яухуэн хуейщ гъэзэгуащIэу километр 30, къэщIащхэм щIыхуу къраГъэблагъэфыр хуэдитхукIэ нэхъыбэ ящIынуи къапэщытащ. Туризм, бгы лыжэ инфраструктурэм уней инвестицэу сом мелард 24-рэ къыхрагъэлъхьэну траухуащ. Абы папщIэ лъэныкъуэ егъэзын хуейщ курортым и зыужьыныгъэм зэран хуэхъу лъэпощхьопхэр».

ЗэIущIэм апхуэдэу щызэпкърахащ, курортым зэрызиужьыр кьэлъытауэ, абы электрокъаруу игъэкIуэщIыр нэхъыбэ зэрыпхуэщIыну Iэмалхэр, абы теухуа тхыгъэ «Кавказ Ищхьэрэм и Урысей сетхэр» зэгуэхьныгъэм хуагъэхьащ. КъимыдзкIэ, и гугъу ящIащ уэсукъуэм ухуэныгъэхэр, щIыхуэр щыхъумэным хуэгъэпсауэ ялэжьхэм, щIыпIэм зэIуэпэщ щыныр хуэунэтIауэ зэфIагъэкIхэм.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъащащ Къэбэрдей-Балъкъэрым туризмэм зыщегъэужьыным Шэрдж, Iуащхьэмахуэ, Дзэлыкъуэ, Шэджэм щIыналъэхэр къыззрызэщIиубыдэр. Абы нэмыщI, зэхалъхьащ зи щIыуэпсым, зи зыгъэпсэхупIэхэм я лъэщагъыр иджыри нэсу къамыгъэнэIуа Налшык курортым зэрызрагъэужьыну щыкIэр. «Зэрыщыту къапщтэмэ, щIыналъэм и курорт-рекреацэ инфраструктурэм зегъэужьыныр хуэунэтIащ турист нэхъыбэ щIыналъэм къыхегъэлъхьэным, экономикэр къэгъэщIэрэщIэжыным, щIыпIэхэр зэIуэпэщ щIыным, транспорт Iэнатlэмрэ цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэныр зэрыгъэфIэкIуэным, лэжьапIэ Iэнатlэ щIэзэр яхъэзыхыным - илъэс куэдым ятещIыхьа къаIэнхэр дэгъэкIыным дэ гулъытэ хуэтщIу дыбгъэдохьэ», - къыхигъащащ щIыналъэм и Iэтащхьэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

● Олимп джэгухэр

ТIэунейрэ чемпионхэр

Мы махуэхэм Токио щекIуэкI XXXII Гъэмахуэ Олимп джэгухэм Урысейм и спортсменхэм къахэкIащ етIуанэ дыщэ медалхэр абы къыщызыхьахэр. Ахэр Рылов Евгений и Ильясов Нияз къыщыпэува куржы бэнакIуэ Липартелиани Варлам хигъэщIащ.

МАХУИЩ ипкIэ, бадзэуэгъуэм и 27-м, щыбкIэ телъу метрищкIэ псым щесым олимп чемпион хъуа **Рылов Евгений** и екъулIэныгъэм дыгъуасэ къытригъэзэжащ. Абы дыщэ медалыр къыщихьащ метр 200-ри къыщызэранэкIым. Рыловыр къызэресылIа 1 дакьикъэрэ секунд 53,27-р олимп рекордщ. Апхуэдэу щыкIэкIэ Евгений псы гуэным хуэфащэн жуап щритащ и ныкъуэкъуэгъу нэхъыщхьэ США-м щыщ Мерфи Райн, допинг зэхьалIэн и лъэныкъуэкIэ ди спортсменыр мыкъабзащэу къыщыхъуу зэрыжиIам. Ар ди щIалэм секундым и 0,88-кIэ къыкIэрыхуащ.

Токио щекIуэкI Олимпиадэм медалхэр щызэщIекъуэ **Бацарашкинэ Виталинэ**. Аращ Японием яп дыщэр къыщыпхъуэзыхьар, иужькIэ Черноусов Артём дэщIыгъуэ зыхэта пневматикэ кIэрахъуэмкIэ метрипщI зи жыжьагъ нэщанэм еуэным щыIэ зэпеуэм дыжьыныр щыщIылъысащ. Дыгъуасэ ещанэ медалри къихьащ - аргуэру дыщэу. Метр 25-кIэ ипэжжьэ нэщанэм псынщIэу еуэнымкIэ зэпеуэм абы къыщыпэлъэщIын къыхэкIакъым икIи етIуанэу Олимп чемпион хъуащ.

НэхъапэжкIэ, вэсэмахуэ, ди цIыхубз рапиристкэм дагъэгуфIащ. **Дериглазовэ Иннэ, Коробейниковэ Ларисэ, Мартьяновэ Мартэ, Загидуллинэ Аделинэ** сымэ зыхэт Урысейм и олимп спортсменхэм я цIыхубз командэ къыхэхам гуп зэпеуэм и финалым 45:34-уэ щыхигъэщIащ мушкетёрхэм я къежьапIэ Франджым къыкIахэр.

Мы гъэм япэу олимп программэм хагъэхьа цIыху щырыщу баскетбол зэдэджэгунымкIэ зэхьэзэхуэм фIы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ ди щIалэхэм. Я хьэрхуэрэгъу псори хагъащIэри, ахэр финалым нэсащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абы къыкIэрыхуащ. Латвиеми и баскетболистхэр. Зэкlэ дыжьын медалхэри **Урысейм и олимп спортсменхэм я цIыхухъу командэ къыхэхам** дежкIэ телъыджэщ.

Кореем щыщ Сан Ан зы мащIэ дыдэщ къызэрыпикIутар **Осиповэ Еленэ**. Шабэр гъэунэмкIэ зэпеуэм абы дыжьын медалыр щызыIэригъэхьащ.

Псым зэрыхуейуэ есыр-уэ метрищэр къыщызэранэхьым ещанэу къэсащ Колесников Климент. Нэхъапэ IуэкIэ абы дыжьын медалыр Токио къыщихьат.

Тау Хьэсэнбий зи тренер нэхъыщхьэ Урысей Федерацэм и цIыхухъу дзюдоистхэм икIэм-икIэжьым уевыпIэфI зыIэрагъэхьащ. Домбеякъ медалыр зыхуэфащэр зыхагъэкIын папщIэ зи хьэлъагъыр килограммищым нэблагъэхэм я деж **Ильясов Нияз** къыщыпэува куржы бэнакIуэ Липартелиани Варлам хигъэщIащ.

Илъэс зыбжанэ хъуауэ зыри зыпэмыльэщ, Олимп джэгухэм тIэунейрэ и чемпион, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм куэдрэ щытекIуа Франджым щыщ Ринер килограмми 100-м щIигъуэм я зэпеуэм финалым и 1-нэ Iыхьэм щефIэкIащ шэшэн щIалэ **Башаев Тамерлан**. Арщхьэкlэ иужькIэ къыхэгъэщIэжри, ещанэ увыпIэм къыщынащ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, килограмм 90-м нэс зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэм ардыдэр щыхуэзгъэфIэкIакъым Игольников Михаил. Абы хуабжьу дыдэщIат и анэр зэрышапсыгъым, и гъэсакIуэри (Нэгъуэ Джанболэт) ди лъэпкъэгъуу зэрыщытым къыхэкIыж.

Китайм и спортсменхэм, хэгъэрейхэм яп ящI-ри, официальнэу щымыт гуп зэпеуэм бжьыпэр щаубыдащ. Иужь махуитIым абыхэм я дыщэ медалхэм иджыри 7 хагъэхъуащ. Адрейхэм (Японием, США-м, Урысейм, Австралием) зыIэрагъэхьар хуэдитIкIэ нэхъ мащIэщ. Америкэм и Штат Зэгуэтхэм дамыгъэ нэхъыбэ дыдэ (41-рэ) зэрапэщ.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

Токио щекIуэкI XXXII Гъэмахуэ Олимп джэгухэм медаль нэхъыбэ къыщызыхьахэр

(бадзэуэгъуэм и 30-м ирихьэлIэу)

№	Къэралыр	Дыщэу	Дыжьыну	Домбеякъыу	Псори
1.	**Китай**	**19**	**10**	**11**	**40**
2.	Япония	17	4	7	28
3.	США	14	16	11	41
4.	**Урысей**	**10**	**14**	**10**	**34**
5.	Австралие	9	2	11	22

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIэщIэгъуэкIэ цIыхухэр зэдэпсалъэ хъуну телефонхэр:

8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

● Мэкъумэш ІэнатІэ

КІэртІофым йогугъу

Иджыблагъэ «Губгъуэм и махуэ-2021» фІэщыгъэм щІэт семинар-зэІущІэ Дзэныкъуэ щыналъэм щекІуэкІащ. Ар нэхъыбэу зытраухуар кІэртІоф жылапхъэфІхэр гъэхъэзырырыщ.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм къызэригъэпэщащ семинаром зэхэщагъэм елэжьхэр, мэкъумэш щІэныгъэлІхэр, кІэртІофхэкІ шхыныгъуэ къыщІэзыгъэкІ фирмэхэм я уэрэфэцІхэр.

ЗэІущІэр къыщызэІуихым КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Сыжажэ Хьэсэн и псалъэм къыхигъэщащ, щІакхъуэм иужькІэ, кІэртІофыр шхыныгъуэ нэхъыщхьэу ди къэралым дежкІэ зэрыщытыр. Абы къыхэкІыуи, кІэртІоф гъэкІыныр мыхьэнэшхуэ зиІэ лэжьыгъэщ. КъБР-м кІэртІофыр гектар мини 8-м нэблагъэм щащІащ. Гъэ кІуам а хадэхэкІ лІэужьыгъуэм хуэдэу тонн мини 180,7-рэ кърахьэлІэжащ.

Министрым жиІащ, илъэс блэкІахэм еплъытмэ, кІэртІофу къагъэкІам и бжыгъэм фІыуэ зэрыхэхъуар. 2020 гъэм зы гектарым центнер 236-рэ къытрахащ. 2015 гъэм а бжыгъэр зэрыхъуу щытар центнери 173-рэщ. Абы къегъэлъагъэу зи гугъу тщІы хадэхэкІ лІэужьыгъуэу кърахьэлІэр процент 36-кІэ зэрыбэгъуар. Апхуэдэ ехъулІэныгъэр къызыпэкІуар и фІагъ-

кІэ зихуэдэ щымыІэ жылапхъэкІэ къэдгъэсэбэп зэрыхъуарщ, - жиІащ Сыжажэм.

КъБР-м и щІналъэхэр жылапхъэфІкІэ къызэзыгъэпэщхэм ящыщщ «Дзэлыкъуэ кІэртІоф» компаниер. Ар хэтщ ди къэралым и федеральнэ программэм, «Урысейм и кІэртІоф жылапхъэхэр къэгъэхъунымрэ егъэфІэкІуэнымрэ» зыфІащам.

ЗэІущІэм кърихьэлІэхэм Іэмал яІащ щІэуэ къагъэхъуа кІэртІоф жылапхъэхэр зрагъэлъагъуну, абыхэм я елэжьыкІэхэм зыщагъэгъуэзэну.

2022 гъэм ирихьэлІэу ди республикэм щагъэхьэзырынущ кІэртІоф жылапхъэу тонн минитхум нэблагъэ. Щэч хэлъкъым абы щІэупщІэ зэриІэнум.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

● Зэ1ущ1эхэр

Псоми я фейдэ зыхэлъ зэдэлэжьэныгъэ

«Урысейм и пощт» ФГУП-м и Къабэрдей-Балъкъэр къудамэм иджыблагъэ щекІуэкІащ абы и лэжьакІуэхэмрэ республикэм къыщыдэкІ газет нэхъыщхьэхэм я унафэщІхэмрэ я зэІущІэ. Ар теухуауэ щытащ ІэнатІэхэм яку дэлъ зэдэлэжьэныгъэр егъэфІакІуэным.

ЗэІущІэр къыщызэІуихым «Урысейм и пощт» ФГУП-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІ **Вэрокъуэ Заур** къыжиІэщащ, республикэм къыщыдэкІ газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ тедзэныгъэ ахэр зэбгрегъэхьныныр емызэлІауэ лэжьыгъэщхьэ зэрырагъэкІуэкІыр, уеблэмэ ар лъэпкъ, политикэ Іуэхуу къызэрильытэр. Абы щыгъуэми ибзыщІакъым пощтзехьэхэр къаззэремэзщІэкІым къыжиІуэ, ныкъуасанигъэ гуэрхэри щІэх-щІэхьыгъэ къаззэрылъыкъуэкІыр икІи ахэр икІэщыпІэкІэ гъэзэжІуэжа хуным я нэІэ тет зэпыту зэрыщытыр.

Газетхэм нэхъыбэу Іэ трегъэдзэныныр ахэр и чэзум зэбгрегъэхьныр егъэфІэкІуэныр теухуауэ я кІарур зэщІагъэуІуэу зэрызэдзэлэжьэнум ехьэлІауэ я жэрдэмхэр къыхалъхьэу зэІущІэм къыщыпсэлъащ «Урысейм и пощт» ФГУП-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ **Балъкъыз Лянэ**. Абы Іуэху бгъэдэхьэкІэ щІэщыгъуэ зыбжанэ утыку кърихьащ, къызэхуэсахэм ахэр даІыгъащ.

Пощт лэжьакІуэхэмрэ республикэм и хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмрэ я зэІущІэм жыджэру хэтащ икІи жэрдэм купщІафІэхэр къыхалъхьащ «КъБР-Медиа» къэрал кІэзэнэ Іуэхущ Іапі эм и унафэщІым и къуэдзэ **Дзыгуй МуІзед**, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодёжь», «Горянка» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу **Бжьахъуэ Ранетэ**, **Жыласэ Заурбэч**, **Конаков Хьэсэн**, **Ярославская Маринэ**, **Къанокъуэ Заринэ**, «Урысейм и пощт» ФГУП-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ трегъэдзэныныр ахэр зэбгрегъэшІыныкІэ и Іэщ ІагъэлІкъэ **Къасым Светланэ**, **Ащхъуэт Жаннэ**, **Плотниковэ Еленэ** сымэ.

ІуэхуфІхэр ящыщхьэу ахэр зэрагъэзэщІэнум епха гупсысэхэри я кІэщ, зэІущІэм хэтахэр зэбгрыкІыжащ. Абыхэм я зэдзэлажьэныгъэм я фейдэ зэІущІэм ди республикэм къыщыдэкІ газетхэмрэ журналхэмрэ я мызакъуэу, ахэр и чэзум къызыІэрыхьэну щІэхъуэпс щІэдзыкІакІуэ псоми.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Бахъсэн щІыналъэ

Япэ игъэщІыпхъэхэм тепсэлъыхьу

Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр хэту Бахъсэн щІналъэ администрацэм щекІуэкІа зэІущІэр яублащ фокІадэм екІуэкІыну хэхьныгъэхэм зэрызыхуагъэхьэзырым теухуа псалъэмакъкІэ.

ІЭЛЭТЫР щекІуэкІыну щыпІэхэр зыхуеину псомкІи иджыпсту щыщІэдзауэ ящыкІэрагъэпэщынущ, ягъэлъэгъуэну кандидатхэм я дэфтэрхэр ягъэхьэзырынущ, Хэхакіуэ комиссэм хэтхэм щыкуэр щагъэгъуэзэнущ Іэлэтыр зэрекІуэкІыну щыкІэм, хэхакІуэм къытехуэ кІалэнхэм, хэхьныгъэхэм я мыхьэнэмрэ абы ещанэ ящыкІэ.

Зэ1ущ1эм щытепсэлъыхьащ зэгъэзэтІыпІэкІыпІэ имыІэу вакцинэр зыхегъэлъхьэным теухуауэ Іуэхуми. Мы зэманым Бахъсэн щІыналъэм щыщу цІыху мини 5-м щІигъум вакцинэр зыхрагъэлъхьащ.

- Гуп иммунитетым дыхуэкІуэн папщІэ диІэн хуей бжыгъэмкІэ ар маш Іэщ. Дэтхэнэ зыри жэуапльныгъэ хэлъу Іуэхум бгъэдыхьэн хуейщ, - жиІащ щІналъэ администрацэм и унафэщІым и кІэ щхьэдзэ Къэзан Заур.

Зэхуэсым къыщаІэтащ къуажэхэр зэрагъэкІабзэм, гъэзэгубгъуэм щхьэрыуТІыпщу щыхъуакІуэ Іэщхэм, псы зэбгрытыкІыпІэхэм я щытыкІэр егъэфІэкІуэным ятеухуауэ зэфІагъэкІ лэжьыгъэхэр. Мыхэр зэфІэхэ зэрыхъум ехьэлІауэ унафэщІхэр зэчэнджэщыну, я Іуэху еплъыкІэ жаІэну зэгурыІуахэщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Адыгэ кхъужьейм паспорт хуатхынущ

Адыгэ Республикэм щапхъэ пщІыну щхьэпэ Іуэхушхуэ къыщаІэтащ. Абы щыІэ Урысей географие зэгуэныгъэм и мурадщ Къэкіыгъэхэм я генофондыр хъумэныкІэ урысейпсо институтым гуэту адыгэ кхъужьей лІэужьыгъуэ къэс паспорт хуагъэхьэзырыну.

КАВКАЗ Ищхъэрэм пхъэщхьэмыщхьэ къыщыпыкІэ жыг куэд цІыхум къыщыхуагъэІурыщІащ. Ди бзэм жыгхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ щызэрахьэ фІэщыгъэхэри къоув абы и щыхьэту: кхъужьІэрысей - кхъужьІэрысэ; мыІэрысей - мыІэрысэ; балий Іэрысей-балийІэрысэ, кьинэмыщІхэр. А псоми «Іэрысэ» псалъэр зэрадэщІыгъум къегъэлъагъуэ ди япэ итахэм къэкІыгъэхэр яцІыху къудей мыхъуу, ахэр цІыху цІыкІум шхыныгъуэ хуащІыным гуащІэшхуэ зэрыхалъхьар. Дунейпсо кхэкІыгъэ псалъалъэм алыдж дэр («грецкий орех») зэритыр «адыгэ дэуэщ» (circassian walnut). Апхуэдэщ адыгэ кхъужьеймрэ кхъужьымрэ я Іуэхури.

Урыс-Кавказ зауэм тетхьиж куэдым ягу къагъэкІыж хэкурысэхэм ябгьна щІыхэм жыг лІэужьыгъуэ гъэщІэгъуэнхэр къыщагъэуту зэрыщытар. Абыхэм ящыщ гуэрхэр ди нобэми къэсащ. Псалъэм папщІэ, зи гугъу тщІы кхъужьейхэм хуэдэу жыгитІ Адыгэ Республикэм хыхьэ Каменномостскэ кхъужьэм ущрохьэлІэ. Езыхэр илъэс 200-м зэрыщІигъум нэмыщІ, дэтхэнэ зыми ди япэ итахэм дагъэкІауэ щыта къудамэхэм я лъэужь тыбольагъыкІ.

Кьрахьэжьа Іуэхум ехьэлІа лэжьыгъэхэр зэрызэфІах щыкІэм щыгъуазэ дещІ Адыгэ Республикэм щыІэ Урысей географие зэгуэныгъэм и унафэщІ Агай Игорь: «Адыгэ университетым и гъусэу дэ ди мурадщ кхъужьейхэм паспорт яхуэзгдгъэпэщыну, «база данных» жыхуаІэм хуэдэ кьаХуэзэІутхыну. Абы и фІыгъэкІэ дэ Іэмал дгъэтынущ кхъужьейхэр щэнхабзэмрэ щІыуэпсымрэ я хъугъуэфІыгъуэхэм хедгъэбжэну. Сыт абы къытхуихьынур? Жыгхэм я хъуреягъкІэ бжьыб агъэувынурэ, зыгуэркІэ мы щІыпІэм ухуэзыгъэ Іуэху къыщархьэжьэмэ, ахэр ираупщІкІыну хуитыныгъэ яІэнукъым».

Ящыкъуэ кхъужьейхэм я ныбжьыр илъэси 150 - 200-м ноблагъэ, ныбжьышхуэ зэраІэм щхьэкІэ кхэмынэу, пхъэщхьэмыщхьи кьапокІэ. Европэм кьраша кхъужьей лІэужьыгъуэхэр нэхъыбэ дыдэу илъэс 50 - 60 псэуми аращ. КьэзэрыщІэкІмкІэ, адыгэ кхъужьейм и гъащІэр абыхэм нэхърэ зэрынэхь кІыхьым ищІыІужкІэ, къыпкІэри щыкІэ нэхъыбэщ.

Адыгэ кхъужьыр хьэпІащІэм нэхъ щыхьумащ, щымахуэри нэхъ тыншу ирех. Адыгэ хадэгъэкІэжм жыгыр хьэпІащІэм кьрагъэлын папщІэ щыхъухьрэ хущхъуэрэ трауткэу щытакъым. ИтІани, тхьэмпэхэри пхъэщхьэмыщхьэри узыншэу, кьабзэу кьызэтенэрт.

ЩІэныгъэлІхэм, япэрауэ, Адыгэ Республикэм адыгэ кхъужьейуэ кьинар кьапщытэу, ахэр зэрызэщхьэщыкІ и лъэныкъуэкІэ зэхагъэкІыу, дэфтэрхэм ираткэну я мурадщ. Псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ ират дэтхэнэ жыг лІэужьыгъуэри нэхъ кьыщыкІ хабзэ щІыпІэр яубзыхуным. ЕтІуанэ лъэбакъуэр - ахэр зэрагъэбэгъуэн Іэмал кьалъыхъуэныщ. Ещанэр - абыхэм я ДНК-р кьахутэныщ. Зи гугъу тщІы лэжьыгъэм хэпщІа биологие щІэныгъэхэм я доктор, АГУ-м физиологиемкІэ и кафедрэм и доцент Шаповалов Максим зэрыжиІэмкІэ, адыгэ кхъужьейр псэ зыІут тхыдэ, щэнхабзэ фэеплъщ, цІыхум щІыналъэр езым и фейдэкІэ губзыгъэу къызэригъэщхьэпэфым и щыхьэт наІуэщ.

«Адыгэ кхъужьеижьхэм псэщІэ кьахэгъэхьэжауэ, ахэр тутхэми егъэцІыхун хуейщ, - и гуращэхэр наІуэ кьещІ Шаповаловым. - Адыгэм щыщ куэдым кьалъытэ республикэм и дамыгъэу кхъужьыр щытын хуейуэ».

ЧЭРИМ Марианнэ.

Жылагъуэ советым и гулъытэ

Урысейм къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ и министерствэм Налшык кьалэ щиІэ къудамэм и Жылагъуэ советым ди щІыналъэм ит зыгъэпсэхупІэхэмрэ узынщагъэр щызэфІагъэувэж Іуэхущ Іапі эхэмрэ зыщызыгъэпсэху сабийхэм яІущІэныр, япсэлъыпІэныр, псалъэмакъ купщІафІэхэр драгъэкІуэкІныр хабзэ дахэу къадогъуэгурыкІуэ. Дызэрыт илъесми Жылагъуэ советым сабийхэр и гулъытэ щигъэщІакъым.

«ЖЫЛАГЪУЭ советым и гъусэу зыдогъэпсэху» зыфІаща урысейпсо акцэм ипкъ иткІэ, УФ-м къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ и министерствэм ди щІыналъэм щиІэ и къудамэм и лэжьакІуэхэр Налшык къалэ дэт «ЛъагапІэхэр» зи фІэщыгъэ зыгъэпсэхупІэм иджыблагъэ щыхьэщІащ. Іуэхугъуэм хэтащ полицэм и капитан Яковлевэ Галинэрэ Іуэхущапі эм и Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Бэгъуэт Хьэмидбийрэ.

Зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм кьрибудэу сабийхэм я шынагъуэншагъэр кьызэрызэгъэпэщыпхъэт псалъэмакъыр нэхъыбэу зытегъэщІауэ щытар.

Сабийм и ныбжьым теухуауэ зэрагурыІуэным, хабзэм кьигъэув мардэхэр зэхэхауэ зэрызэхащыкІыным хуэдэу инспекторыр тепсэлъыхьащ гъэмахуэм псым сабийхэр щыхьэхэкІэ, зыхуэсакъынкІи икІи зыхуэмыбэлэрыгъынкІэ хуей Іуэхугъуэхэм, цІыхуэхэр уэру щызэхэт щІыпІэхэмрэ транспортымрэ щахэлъынкІ хуей хабзэм, уэрамхэмрэ нэгъэзыжьыпІэхэмрэ зэрыщызекІуэ щапхъэхэм, и гугъу ищІащ хэщІапІэ яхуэхуэ зыгъэпсэхупІэхэм балигъ я мыгъуэсу пэжжыжьэ зыхуащІ зэрымыхъунум. Яковлевэм иригъэкІуэкІа псалъэмакъым къызэрыхэщамкІэ, сабийхэм я шынагъэншагъэр къызэгъэпэща къызэрыхащыкІыным ящыщ.

Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Бэгъуэт Хьэмидбий и псалъэр нэхъ гуІэтыжу гъэпсат. Хабзэхъумэхэм кьагъэув мардэхэмрэ щапхъэхэмрэ гъэззэщІэн зэрыхуейм и мызакъуэу, абы цІыкІуэр кьыхуриджащ я Іэпкъльэпкъым зезыгъэужь джэгукІэ зэмылІэужьыгъуэхэм я зэманым и нэхьыбэр трагъэкІуэдэну, гъэсакІуэхэмрэ ущиякІуэхэмрэ зыхуаунэтІ Іуэхугъуэхэм езыхэм епльыкІэ гъэщІэгъуэн, Іуэху щІэкІэ щІэщыгъуэ къыхаІъхьэфынымэ, гупыр ягъэгугу зафІэпсэхуну, кьыхуаутІыпща пІалъэр щхьэпэу ирахьэкІыну.

Зэ1ущ1эр гъэщІэгъуэну екІуэкІащ, къызыжьхэр ирипІейтуэу зытепсэльыхьхэм цІыкІуэр дихьэху зэредэІуам и щыхьэтт абыхэм щІэупщІэн зэраку эдыр, гу зылъпатэри зэрымымащІэр. Уэрщэрыр купщІафІэу, мыхьэнэ зэриІэм шэч къытумыхьэну екІуэкІащ.

ШУРДЫМ Динэ.

Псори фыдогъэблагъэ

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизион ЕтІуанэ джэгуГуэ

«Спартак-Налшык» - «Динамо» (Ставрополь)
Налшык. «Спартак» стадион.
Щышъхьэ1ум и 1.
Сыхьэт 18-м.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 31, *щэбэт*

♦ **1944 гъэм** РСФСР-м и щІналъэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.
♦ **1954 гъэм** КПСС-м и Комитет нэхъыщхьэмрэ Министрэхэм я Советымрэ унафэ кьащтащ Новая Земля щІыпІэм ядерэнэ Іэщхэр щагъэунэхуну полигон къыщызэгъэпэщыным теухуауэ.
♦ **1956 гъэм** Москва Лениным и цІэр зезыхьэ стадион нэхъыщхьэр къыщызэІуахащ. Иджыпсту ар «Лужники» стадионыщ.
♦ **1990 гъэм** къызэрагъэпэщащ «Газпромбанк»-р.
♦ **1991 гъэм** СССР-мрэ США-мрэ Москва Іэ щытрадзащ зэребгъэкІыну Іэщхэр (СНВ) гъэмэщІэным теухуауэ.
♦ **1994 гъэм** Бубкэ Сергей бжыгІыгъуу ІвагапІэм елъэныкІэ дунейпсо рекорд игъэувауэ щытащ. Италием щыщ Сестриере кьалэм щекІуэкІ зэхъэзэхуэм хэту ар щхьэпрыльащ метри 6-рэ сантиметр 14-рэ хъу льагапІэм. Ар Олимп джэгуэм я чемпионым и 35-нэ дунейпсо рекордт.
♦ Франджы кинокактёр, XX пІащІыгъуэм и джэгуакІуэ нэхъ щэджащэхэм хабжэ **Луи де Фюнес** къызэральхъуэ илъэси 107-рэ ирокъу.
♦ Циркым и утыкур илъэс куэд хъуауэ зыгъэбжьыфІэ, джэгуакІуэ тельыджэу кьалъытэ, СССР-м и цІыхуб артист **Попов Олег** къызэральхъуэ илъэс 91-рэ ирокъу.
♦ Урысей уэрэджыІакІуэ, актрисэ, СССР-м и цІыхуб артисткэ **Пьехэ Эдитэ** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.
♦ Теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, актёр, продюсер, цІыхубэм фІыуэ яльаГу «Телъыджэхэр кьыщыхъу губгъуэ» джэгукІэм цІэрыІуэ ирихъуа **Якубович Леонид** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
♦ Британием щыщ тхакІуэ, Поттер Гарри теухуа тхьылъэр зи Іэдакъэщ Іэкі **Роулинг Джоан** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.
♦ Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, АКЪУ-м и профессор **Бидэнокъуэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.
♦ Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор **Жэрыкъуэ Оксанэ** къыщалъхуа мазхуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 29-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Щышъхьэ1ум и 1, *тхьэмахуэ*

♦ **Щышъхьэ1ум и 1 - 7-хэр Сабий цІынэхэр анэ быдзышэкІэ пІыным къыхуеджэным и дунейпсо тхьэмахуэщ**
♦ **Тхьэмбылым лыш узыфэр къеМыуэлІэным хуэгъэпса дунейпсо махуэщ**
♦ **ГъущІ гъуэгу лэжьакІуэм и дунейпсо махуэщ**
♦ **УФ-м ІэщІэкІэ ЗэщІэуэздза и КъаруэхэМ я тылым и махуэщ**
♦ **Урысейм и Инкассаторым и махуэщ**
♦ **Япэ дунейпсо зауэм эхкІуэда урысей сэлэтхэм я фэеплъ махуэщ**
♦ **Азербайджаным щагъэльапІэ я алыфбеймрэ я бзэмрэ я махуэр**
♦ **Зи хэку къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэщ**
♦ **Китайм щагъэльапІэ я цІыхубэщхьэхуитщІыжакІуэ армэр къыщызэрагъэпэща махуэр**
♦ **1885 гъэм** япэ дыдэу уэгум зиІэтащ Можайский Александр ищІа къхъухьлъатэм.
♦ **1900 гъэм** Германием къыщызэрагъэпэщащ «Боруссия» футбол клубыр. Ар дуней псом щынэхъ зэрызезехьэ гупхэм ящыщу кьалъытэ: я кьэралым тхуэнэфэ и чемпион хъуащ, УЕФА-м и Кубокыр 1975, 1979 гъэхэм кьихьащ.
♦ **1914 гъэм** Урысейр Япэ дунейпсо зауэм хыхьащ.
♦ **1924 гъэм** Бэракъ Плъыжь орденыр кьащтащ.
♦ **1927 гъэм** Ленинград областыр кьызэрагъэпэщащ.
♦ **1936 гъэм** Германием и кьалащхьэ Берлин кьыщызэІуахащ XI гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр. Ахэр щыщхьэуІуэм и 16 пщІондэ екІуэкІащ.
♦ **1939 гъэм** Совет Союзым и ЛыхъжьыМ и «Дыщэ Вагъуэ» медалым теухуэ унафэр кьащтащ.
♦ **1939 гъэм** Москва кьалэм щызэхэтащ ВДНХ-р - кьэралым и цІыхубэ хозяйствэм и ехьулІэныгъэхэр щагъэлъэгъуэну выставкэр - къызэрызэІуахым ехьэлІа гуфІэгъэ дауздапщэхэр.
♦ **1958 гъэм** «Іуащхьэмахуэ» журналым и япэ номерыр дунейм кьытехьащ.
♦ **1964 гъэм** «Маяк» къэрал радиостанцым и япэ нэтыныр эфирым кІуащ.
♦ **1967 гъэм** Бахьсэнрэ Тэрчэ кьалэ хъуащ.
♦ КъБАССР-м мэкъумэш ІэнатІэм зыщагъэзыжьыным хэлъхьэныгъэшхэр хуэзыщІа, Социалист Лэжьыгъэ и ЛІыхъужь **Бырс Анзор** къызэралъхуэрэ илъэси 129-рэ ирокъу.
♦ Телевиденэм и диктору щыта, СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Леонтьевэ Валентинэ** къызэралъхуэрэ илъэс 98-рэ ирокъу.
♦ Адыгэ тхакІуэ **Къущхьэ СулътІан** къызэралъхуэрэ илъэс 90 ирокъу.
♦ Критик, зэдзэкІакІуэ, АР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **ЛьапцІэрыщэ Хьалид** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.
♦ Юридическэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-мрэ Экологиемкіэ, цІыхум и шынагъуэншагъэмрэ щІыуэпсымкІэ дунейпсо академиемрэ я академик, УФ-м щІыхь зиІэ и юрист **Шапсыгъ (КІэкІыхъу) Дамир** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.
♦ Хэкум къэзыгъэзэжахэр жылагъуэм хэзэгъэжьныкІэ щадэІэпыкъу унэу Мейкъуапэ дэтым и унафэщІ **Бэрзэдж Убых (Нихьэт)** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 31-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

Щышъхьэ1ум и 2, *блыщхьэ*

♦ **УФ-м и Хьэуа-Десантыдзэхэм я махуэщ**. Ар Белоруссиемэ Къэзахъстанми щагъэлъапІэ. 1930 гъэм Москва дзэ округым зыгъэсэныгъэхэр Воронеж кьалэм пэмыжьыжьэу щІигъэкІуэкІыу япэ дыдэу хьэуа десант абдеж кьыщетІысхэуэ щытащ. Аращ махуэм льабжьэ хуэхъуар.
♦ **Беларусь Республикэм и десантникэмрэ кьэлэн щхьэхуэхэр зыгъэзащІэ къарухэмрэ я махуэщ**
♦ **Коми Республикэмрэ Ненецкэ автономнэ округымрэ щагъэлъапІэ Щыхьым и махуэр**
♦ **Азербайджаным и Лъэпкъ кином и махуэщ**
♦ **Македоние Республикэм и махуэщ**
♦ **Сербием и Авиацэм и махуэщ**
♦ **1790 гъэм** США-м щыпсэу цІыхухэр дапщэ хуэми япэу кьабжьауэ щытащ.
♦ **1887 гъэм** Ходж Роуэлл ГъущІ КІапсэ банэр къызэригупсысам щыхьэт техьэу тхылъ ираташ.
♦ **1906 гъэм** Португалием къыщызэрагъэпэщащ «Порту» футбол клубыр. Ар тІэунейрэ щытекІуащ Чемпионхэм я лигэм, УЕФА-м и кубокри кьихьащ.
♦ **1916 гъэм** Москва АМО заводыр щаутІыпщащ. 1933 гъэм абы Сталиным и цІэр сэІущащ. Иджыпсту ар Лихачёвым и цІэр зезыхьэ ЗИЛ заводырщ.
♦ **1933 гъэм** Беломор-БалтиекІэнауэр, Сталиным и цІэр зыфІащар, километр 227-рэ и кІыхьагъэу ятащ.
♦ **1940 гъэм** Молдавскэ ССР-р къызэрагъэпэщащ.
♦ **1942 гъэм** Налшык Дзэ Плъыжьым щхьэкІэ щагъэхьэзырат ткІуаткІуэ кьуэуу птулькІэ мин 20.
♦ **1945 гъэм** Потсдам щекІуэкІа конференцыр зэхуащІыжащ.
♦ **1990 гъэм** Иракыр Кувейтым теуащ.
♦ **1995 гъэм** «Русское Радио» радиостанцыр къызэрагъэпэщащ.
♦ Совет щІэныгъэлІ, инженер цІэрыІуэ, «Рубин» ЦКБ-м и унафэщІ щыта, псыщІагъэрыкІуэ аппарат 200-м щІигъум я конструктор нэхъыщхьэ, Социалист ЛІыжьым и ЛІыхъужь **Спасский Игорь** и ныбжьыр илъэс 95-рэ ирокъу.
♦ Кхъуэхъатэзехуэзкосмонавт, Совет Союзым тІэунейрэ и ЛІыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата, нэгъуэщІ къэрал куэдым я дамыгъэ льапІэхэри зыхуагъэфэща **Быковский Валерий** къызэралъхуэрэ илъэс 87-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 30, жэщым градус 20 - 22-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Щ1акІуэ ныкъуэщІыр щыгъынкъым.

● Ди къуажэхэм

Зыгъэпсэхупі эящі

«Къалэмрэ псэупІэмрэ» лъэпкъ проектым и сэбэп Жанхъуэтекъуэ дэсхэм къоКІ.

МЫ ИЛЪЭСЫМ къриубыдэу абы щаухуэну япэ лъэс зекІуапІэ-зыгъэпсэхупІэм иІэну теплъэр яубзыхури, къуажэдэсхэм Іэмал ираташ ИнтернетымкІэ я Іуэху еплъыкІэр къагъэлъэгъуэну.

Метр зэбгъуэзнатІэ мини 4 и инагъ зыгъэпсэхупІэр сабий джэгуПІэхэмкІэ, тетІысхьэпІэхэмкІэ, уэздыгъэ екІуэкІмкІэ къызэрагъэпэщынущ, щыпІэ щыхьэхэр пликткІэ кьращыкІынущ. Лъэс зекІуапІэр «Кавказ» щыналъэ къуэгум пэмыжьыжьэу зэрыщытым и фІыгъэкІэ, транспорт исхэри Гъунэгъуу екІуапІэфынущ. Абыхэм папщІэ яухуэнущ автомашинэ гъэувыпІэ.

«Ди щэнхабзэ унэхэр» проектым хуябыдэу Жанхъуэтекъуэ ипэсиц ипэкІэ хъущІэзэІуаха клубым нобэ щолажьэ гупжей зэмылІэужьыгъуэу 7, къищынэмыщІауэ, цІыху 300 щІэхуэу концерт щат пэшышхэу я хэтщ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Уи Хэку и мывэхэри дыщэщ

ЩІэблэм зрагъэгъэпсэху

● Гулъытэ

Хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэм ирихьлІэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм иджыблагъэ Іуэхугъуэ зыбжанэ республикэм щригъэкІуэкІащ.

АБЫХЭМ ящыщщ мы махуэхэм Іэтауэ къызэІуаха сабий зыгъэпсэхупІэр. Гъэ къэс ДАХ-м хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм я щІэблэмрэ Къзбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгей республикэхэм ящыщ ныбжьыщІэхэмрэ зэхуашэсурэ гуимыхужу зрагъэгъэпсэху. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иужьрей илъэсхэм къежьа уэ зэрыщІалэм (COVID-19) и зэранкІэ арэ къайхъулІэркъым. Мы гъэм Іуэхум бгъэдыхьэкІэщІэ къыхуагъэщащ: сабий зыгъэпсэхупІэм щызэхуашэс хэкум щыпсэу адыгэ ныбжьыщІэхэмрэ къэІэпхъуэжа ди лъэпкъэгъуэхэм я щІэблэмрэ.

Ныбжьыщ Іэ 30-м тхьэмахуищкІэ «Вершина» санаторэм щыІэнущ. Къыхэгъэщыпхъэщ а цІыкІуэхэр зыгъэпсэхупІэм щызэрыцІыхум и мызакъуэу, программэ гъэщІэгъэуэн къаІэрыпэплъэр. Санаторэм зэрыщыІэну пІалъэм ныбжьыщІэхэм адыгэбзэмрэ урысыбзэмкІэ дерсхэр драгъэкІуэкІынущ, Налшык дэт щэнхабзэ Іуэхущ Іапіэхэм яшэнущ, ди щІыналъэм и щыпІэ дахэхэм зыщрагъэпІпхъяныкІнущ, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ я зэфІэкІ ягъэунэхунущ, нэгуэныжь пшыхьэр хуащІынущ.

Сабий зыгъэпсэхупІэр къыщыщІэуах пшыхьм щІэблэщІэм псалъэ гуапэкІэ зыщыхуагъэзащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм ЩІыналъэ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къуажей Артём**, «Адыгэ Хасэ - Шэрджэс Парламент» (КЪШР) зэгугъэныгъэм и тхьэмадэ **Аслъэн Алий**, ДАХ-м и тхьэмадэм и япэ къуэдзэ **Бырсекъуэ Орфан**, Мэздэгу адыгэхэм я хасэм и тхьэмадэ **Факъуэ Руслан**, Ставрополь хасэм и тхьэмадэ **Шыбзыхъуэ Юрэ**, хэкум къэзыгъэзэжа нэхъыжьыфІхэм. ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**.

- Хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэр лъапІащ дэркІи къэкІуэжахэм я дежкІи. Дуней псом дыщикъухьами, нобэкІэ дызэрыщІэну, дызэрыгъуэтыну Іэмал гъуэзджэхэр диІэ хьэращи, ари фІыщ. ТІуащІэу гуапэщ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр хуэм-хуэмурэ адэжь щыналъэмкІэ къызэрелэрыпсыкІнущ, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ я зэфІэкІ ягъэунэхунущ, нэгуэныжь пшыхьэр хуащІынущ.

Сабий зыгъэпсэхупІэр къыщыщІэуах пшыхьм щІэблэщІэм псалъэ гуапэкІэ зыщыхуагъэзащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм ЩІыналъэ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къуажей Артём**, «Адыгэ Хасэ - Шэрджэс Парламент» (КЪШР) зэгугъэныгъэм и тхьэмадэ **Аслъэн Алий**, ДАХ-м и тхьэмадэм и япэ къуэдзэ **Бырсекъуэ Орфан**, Мэздэгу адыгэхэм я хасэм и тхьэмадэ **Факъуэ Руслан**, Ставрополь хасэм и тхьэмадэ **Шыбзыхъуэ Юрэ**, хэкум къэзыгъэзэжа нэхъыжьыфІхэм. ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**.

- Хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэр лъапІащ дэркІи къэкІуэжахэм я дежкІи. Дуней псом дыщикъухьами, нобэкІэ дызэрыщІэну, дызэрыгъуэтыну Іэмал гъуэзджэхэр диІэ хьэращи, ари фІыщ. ТІуащІэу гуапэщ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр хуэм-хуэмурэ адэжь щыналъэмкІэ къызэрелэрыпсыкІнущ, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ я зэфІэкІ ягъэунэхунущ, нэгуэныжь пшыхьэр хуащІынущ.

Сэхъурокъуэм и псалъэхэм къыпищащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм ЩІыналъэ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ Къуажей Артём.

- ДАХ-м лэжьыгъэ щхьэпэ кузэн зэфІегъакІ, хэхэс адыгэхэм, хэкум къэзыгъэзэжахэм я Іуэху дегъакІ, я псэукІэр ефІэкІуэныкмкІэ хуэзфІэкІ кьигъанэркъым. Сэ си фІэщ мэхъу гъэмахуэ зыгъэпсэхупІэм зэхашэ адыгэ щІэблэм лъапкъым и тхьэдэр зытхынухэр, абы и къэкІуэнур езыгъэфІэкІуэнухэр мымащІэу зэрахэтыр. Сыт и лъэныкъуэкІи къызэгъэпэщауэ гъащІэ кьеклуэлІахэм захуигъэзащ ДАХ-м и тхьэмадэм.

Ар тепсэлъыхьащ къэрал куэдым щыпсэу адыгэхэр зыхэс лъэпкъхэм пщІэ къыхуащІу, къалъытэу, я Іэщ Іагъэ-щІэныгъэкІэ екъулІэныгъэфІхэр кьагъэлъагъуэу нобэм кьызэрысам. Абы зэІущІэм хэта ныбжьыщІэ цыкІуэхэр кьыхуриджащ блэкІар зыщамыгъэгъупщэу, лъэпкъым и Іуэху зэрырагъэфІэкІуэнум хущІэкъуу, я нэхъыжьыфІхэм яхуэфащэу псэуну.

Сэхъурокъуэм и псалъэхэм къыпищащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм ЩІыналъэ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ Къуажей Артём.

- ДАХ-м лэжьыгъэ щхьэпэ кузэн зэфІегъакІ, хэхэс адыгэхэм, хэкум къэзыгъэзэжахэм я Іуэху дегъакІ, я псэукІэр ефІэкІуэныкмкІэ хуэзфІэкІ кьигъанэркъым. Сэ си фІэщ мэхъу гъэмахуэ зыгъэпсэхупІэм зэхашэ адыгэ щІэблэм лъапкъым и тхьэдэр зытхынухэр, абы и къэкІуэнур езыгъэфІэкІуэнухэр мымащІэу зэрахэтыр. Сыт и лъэныкъуэкІи кьызэгъэпэщауэ гъащІэ дахэ яІэну ди гуапэщ, абы папщІэ дэри ди зэфІэкІ деблэжьныкъым.

Ди гуапэщ хэкум къэІэпхъуэжа ди лъэпкъэгъуэхэр мы зэхьыхьэм щытпъагъуну, сэбэп дызэрыфхуэхъуфкІэ дыфхуэхъунущ, фыкъызэдзкІуэжа къэралым фызэзэгъэну, фыщефІэкІуэну, Іуэхугъуэ щхьэпэхэмкІэ дяпэкІи дызэхуэзэну сыныбжьоухъэу, - жиІащ Къуэжейм.

Хэкум къэІэпхъуэжа нэхъыжьыфІхэм ящыщ **Къущхьэ Надим** ДАХ-м и фІыщІэ хуищІащ.

- Гухэхъуэщ хэкум щыпсэуну къэкІуэжахэм я щІэблэр гъащІэм зэрыхэзагъэр, зыхэт гупым зэрызыдраГъэкІур плъагъуну. ЛъэпкъымкІэ я гупэр гъэзауэ къэхъуну сахуохьаухъуэ. Дэнэ щІыпІэ дыщыпсэуами, ди гум хэкум дыкъ-ришэлІэжащ. Мыбы гупсэхугъуэу щыдгъуэтар уасэншэщ, ар дэркІэ фІыгъуэшхуэщ. Хэхэс хъуа адыгэ псоми къабгъэдэкІыу хэкур тхуэзыхъума, абы жылапхъэу кьинауэ иса ди лъэпкъэгъуэм фІыщІэ ин яхуэсщІыну сыхуейщ. Фэр нэмыщІамэ, дэ дэнэ деклуэІэжьынт?! Фэращ ди лъэпкъ жьэгур зэхэзымыгъэкІыжар, - жиІащ Надим.

Гъэмахуэ зыгъэпсэхупІэм кІуэ ныбжьыщІэ цыкІухэм ДАХ-м къыбгъэдэкІыу Іэфыкъэхэмрэ еджапІэм къащыхуэсэбэпыну хьэпшыпхэмрэ тыгъэ хуащІащ.

Пшыхьэр ягъэдэхащ «Кавказ пшэплъхэр» ныбжьыщІэ къэфакІуэ гупымрэ пшынауэ цІрыпІуэ Къуэдз Михаил и гъэсэн цыкІухэмрэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Зи гъащІэмрэ гуащІэмрэ адэжь щІыналъэм епха

● Ди нэхъыжьыфІхэр

Лъабжьэ быдэ Хэкужьым щызыщІыжаХэм ящыщщ егъэджакІуэ, усакІуэ, журналист, къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ Къущхьэ Надим. Хамэщым куэд зи нэгу щыщІэкІа адыгэлІыр иджыпсту дэсщ Нартан къуажэм, унагъуэ дахэм я нэхъыжьу, и щхьэгъусэмрэ и бын дыгъэхэмрэ яхэсу.

НАДИМ и адэшхуэ Мыхьэмэтмырзэ Урыс-Кавказ зауэм и лъэхъэнэм ди хэкум икІахэм ящыщщ. Ахэр лъэпкъкІэ Абейкъуажэ (Урожайнэм) къыдэкІащ. Къущхьэр Къунейтрэ кьалэм и гъунэгъуу щыІэ Хьышней зи цІэ къэбзрдей кьуажэм 1945 гъэм къыщалъхуащ. А щыпІэм щызригъэгъуэтащ курыт щІэныгъэ, иужькІэ нэхъ кууУэ хуеджащ хьэрыпыбзэмрэ хьэрып щэнхабзэмрэ я зэхэлъыкІэм. АбыхэмкІэ магистр лэжьыгъэхэр игъэзэщІащ икІи ахэр ехьулІэныгъэкІэ Сирием щыпхирэгъэкІащ. ХьэрпыбзэмкІэ щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ Іэщ Іагъэлъым а бзэр ильэс куэдкІэ щригъэджащ Сирием, Мароккэм, Куэйтрыпым я еджапІэ нэхъыщІхьэхэм.

ИригъэкІуэ апхуэдэ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэм кьадэкІуэу, Надим жьыджэру хэтащ Сирие къэралым щекІуэкІ политикэ-жылагъуэ гъащІэмэ. Джолан щІыналъэм и губернаторым и къуэдзэу ильэс зыбжанэкІэ лэжьащ ар. КъинэмыщІауэ, а щІыналъэм къыщыхэзрагъэпэща Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщІакІуэу гупым хэту куэдрэ екІуэкІащ.

Ди лъэпкъым и щхьэ къриКІуа бзылъхьэр я нэгу щІэкІащ лІэщІыгъуэ-лІэщІыгъуэкІэ Къущхьэхэ я унагъуэм: Ягэрей, ЕтІуанэрей дуней зауэшхуэхэри, 1946 гъэм щыІа Палестинэ зауэри, 1967 гъэм адыгэ къуажэхэр зэтракъуэту ди лъэпкъэгъуэхэр аргуэру я псэупІэхэм я зэиыхуа Джолан щекІуэкІа зауэри, иужьрейуэ Сирием къыщыхъеят зэпэщІэувэныгъэ гуащІэри. 2013 гъэм и унагъуэр щыІгъуу ар а къэралым къиІэпхъуКІыжри, Хэкум къитІысхьэжащ. НэхъыжьыфІыр ирогуфІэ хэкум къэзыгъэзэжахэм я псэуныгъэр лъэпощхьэпоунШэу зэрызэтраублэм, абы гугъуехь гуэрхэр пыщІами. Абыхэм япэлъэщыныкмкІэ хэкурысхэр щІэгъэжъэнышхуэ къаззэрыхуэхъуар фІыщІэ ин еущ Надим.

- Адыгэр дызэрыІыгъыу, дызэдзэІэпыкъужу дызэрыпсэум и щыхьэтщ СириемкъиІэпхъукІыжахэм дгъэуэта гулъытэр. Сэри си щІэблэмэ зэи ящыгъупщэнукъым ди хъыбарыр зэхэзыха ди унэкъуэщхэм «Уэ удикъуэшщ. УкъызэрыкІуэжам дыщогуфІыкІ икІи дыбдэІэпыкъуну дыхуейщ», - кьыджкІауэ зэрыщытар, - игу кьегъэкІыжи Надим Хэкум кьыщигъэзэжауэ щыта зэманыр. - Абы щыгъуэ сэ иджыри зэ зыхэсщІащ лъэпкъ уиІэныр фІыгъуэшхуэу зэрыщытыр. «Унэ зимыІэм лъапсэ иІэкъым», - жаІэ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыдита сом мелуан ныкъуэмкІэ унэшхуэ Нартан деж къыщызэфІэдгъэуващ, си къэушхэр кьыздэІэпыкъуурэ, ар зыхуей хуэдгъэзащ, хъарзынэуи дыщопсэу иджы, дыщІэтыншыхьу.

Надим зэрыжиІэмкІэ, езыри и унагъэри къзызыхьэжа хэкурысхэр хуабжьу къогуэпэкІ, сыт хуэдэ Іуэку иІэми, зэрощІэ, зэроплъыта, зэролъагъу. Ар щІохъуэпс дуней псом щикъухьауэ псэу адыгэхэр зы хьужу адэжь хэкум щетІысхэзыжыным. Ар гъэзащІа зэрыхъуну щІыкІэхэм йогупсыс. Надим къызэрилъытэмкІэ, мылькушхуэ зыбгъэдэлъ ди лъэпкъэгъуэхэр абыкІэ сэбэп хъуфынут, сыту жыпІэмэ, хамэщІ щыпсэу адыгэхэм ящыщ куэдыр Хэкум къэзыгъэзэжа щыщІемыгушхуэр я Іуэху зэтемыуэжькІэ шынагъэ яІэщи аращ.

- Адыгэр дэнэ щыпсэуми, зыхэс лъэпкъхэм фІыуэ кьалъагъу. Ди щэнхабзэр дахэщ, ди Іуэху зехьэкІэр екІущ. Апхуэдэу, Урысейм пщІэшхуэ щиІэщ ди лъэпкъым и жылагъуэ зэгухьэныгъэ иным - Дунейпсо Адыгэ Хасэм, - жеІэ Надим. - Сэ ильэс куэдкІэ сыхэтащ ДАХ-м и ГъэзэщІакІуэ гупым, ноби къэзгъанэркъым зэгухьэныгъэм и зэІущІэхэм зрезмыгъэхьэлІэу. Абы и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутии Хасэм хэтхэми сыт хуэдэ Іуэхугъуэ кьрамыхьэжьэми, дахэу гъэпсауэ, гупсысэ хэлъу, екІуу зэфІах. Адыгэр дызэгурыІуэмэ, дызэкъуэувэмэ, дяпэкІи ди Іуэхур зэрефІэкІуэнум шэч кьытесхьэркъым.

Зи Хэку зыгъуэтыжа нэхъыжьыфІыр унагъуэ узынщэу, и Іуэху дэкІыу дунейм тетщ нобэ, адэжь щІыналъэм хуиту щыбауэу, кьыщІэхъуэ щІэблэм абыкІэ гуныкъуэгъуэ зэрамыІэм и лъэр щІигъэкІыу. Надим и щхьэгъусэ Хьадыжэ (ар лъэпкъкІэ Адыгейм хыхь Еджэрыкъуей жылэм кьыдэкІауэ щыта Кьанокъуэхэ зэпхуэ ильэс куэдкІэ гъэсакІуэу лэжьащ. Зэщхьэгусэхэм яІащ зы хьыджэбрэ щІалитІрэ, ахэр псори унагъущ. Къуэрылъху-пхъурылъхуу 6 яІэщ, ТхьэмиІ фІыщІэкІэ.

Зи гъащІэмрэ зи гуащІэмрэ Хэкум епха Къущхьэ Надим дохъуэхъу узынщэу, кьыщІэувэ и щІэблэм я насып хэплъэу иджыри куэдрэ псэуну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Къызэрыкіуэжам нэхъри къару къыхелъхьэ

Къзэыгъэзэжауэ нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис ди лъэпкъэгъуэхэм яхэтщ зыхуеджа Іэщ Іагъэм ехьулІэныгъэхэр иІэу ирилажьхэхэр, щыпсэуа къэралхэм щащІа лэжьыгъэм Хэкужьым екІуу щыпызыщэхэр. Апхуэдэщ дохутыр цІэрыІуэ, пластическэ хирург Хьэсэнхэ Мухьэмэд Лутфий.



МУХЬЭМЭД 1980 гъэм СХЬР-м къэрал университет къыщиухащ, 1980 - 1986 гъэхэм общая хирургиемкІэ, пластикэ, эстетикэ хирургиемкІэ ординатурэхэм щеджащ. 1987 - 1993 гъэхэм Франджым, Париж дэт сымаджэщхэм дохутыр-ординатору щылэжьащ. 1990 гъэм Франджым медициндэджапІэ щхьэхуэ къыщиуухыжащ, 1991 гъэм микрохирургиемкІэ хуеджэжащ. 1995 - 2017 гъэхэм Сирием щыІэ Altall Harasta, Al Mazeh сымаджэщхэм щыІащ.

Иджыпсту ди лъэпкъэгъу дохутыр цІэрыІуэр Налшык кьалэ дэт Поликлиникэ Нэхъыщхьэм щолажьэ.

- Сэ сыкъыщалъхуари сыщыпсэуари Сириеращ, - жеІэ Мухьэмэд. - Сигурэ си псэкІэ кьыхэса Іэщ Іагъэм сыхуеджэри, сфІэфІу илъэс куэдкІэ срилажьащ. ИтІанэ Франджым срагъэблагъэри, илъэсихкІэ абы сыщыпсэуащ си щІэныгъэм хэзгъаньуэу, Іэщ Іагъэм сыпэрыту. Сирием зауэ къыщыхъеят нэужь, абы сымыгъэзэжу хуэкъым. Сэ си кьалэну садэІэпыкъун хуейуэ, зауэ губгъуэм кьихута сымаджэхэр згъэхъужьыпхъэу.

Мухьэмэд зэрыжиІэмкІэ, зауэ нэужьым хэкужьым къэкІуэжу абы къыщыссэбэпыныр нэхъ кьищтащ.

- Апхуэдэ гукъыдэж куэд щІауэ сиІэт, кьыщыззэхъуПІар иджыщ, - жеІэ дохутырым. - СфІэфІу сыщопсэу си адэжь хэкум, тыншуи сыщолажьэ. Сыкьысзыхьыхьэжа си къуэшхэр гуапэхэщ, цІыху щабэхэщ, гуфІэр я нэгу кьрихьу апхуэдэщ. Поликлиникэ Нэхъыщхьэм сыщолажьэ, си дэІэпыкъунныгъэ хуэныкъуэ дэтхэнэми сэбэп сыхуэхъуну сыхьэзыщІ. Пластикэ хирургиеращ си Іэщ Іагъэри, пэ, тхьэкІумэ, Іэпкъльэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэр зызогъэзэхуэж, мафІэ сыгъэ, фэбжь гуэр зиІэхми садоІэпыкъуф.

Гупсэхугъуэ нэхъ ин дыдэ Мухьэмэд къезытыр и хэкужь къызэрыкІуэжаращ. Ар фІэфІу мэлажьэ, мэпсэу, адэжь щІыналъэм кьару кьыхилъхьэрэ адыгэбзэ зэрыззихыьм, адыгэ цІыху махуэ къэс зэрырихьэлІэм дамэ кьытригъакІэу.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Дэ къытхуатх

Си дежкІэ Псейтыкъуэ жылэ цІыкІукъым, атІэ хэкушхуэщ

Хамэ къэрал щыпсэу дэтхэнэ адыгэри Хэкумкіэ къыщыгупсысэкІэ, япэу и нэгу къыщІыхьэр Мейкъуапэр Налшыкрэщ. Мейкъуапэ и утыку ит мэжджыт щхъуафэ дахэмрэ Налшык зыгъэбжьыфІэ Марие и фэеплъымрэ хуэмыпабгъэр ар нахуэу илъагъуну щІэмыхъуэпсрэ щыІэу къыщІэкІынкъым.

ШЭЧ хэмылъу, псоми кьащохъу адыгэ щІыгужьым и кьалэхэм гъащІэр уэру щекІуэкІыу, хьэрычэтыщІэ Іуэхухэр щыдэкІрэ хабзэр дахэу щызэрахьэу. ИтІани, сэ си адэжь хэкум сыщеГупсыскІэ, гущІэм зыкъыдигъэзэу, си нэгу кьыщІыхьэр си адэ-анэ я лъапсэр къыщежьэ Псейтыкъуэрэ Блашэпсынэрэщ.

Сэ хэкум хузиІэ пыщІэныгъэр кьыщежьэр Псейтыкъуэ шапсыгъ къуажэ цІыкІурщ. Ар Бжьэдыгъуэкъалэ кІуэцІрыкІ Псыжь и Іуфэм Іус жылэ закъуэщ. Кьуажэм япэу дэтІысхьауэ щытар шапсыгъэхэращ, иужькІэ, Кавказ зауэр иуха нэужь, абазэх, натыхъуей, бжьэдыгъу, къэбэрдей диалектыр щызэзгъэщІащ а жылэм. Блашэпсынэ зыгъажэ къыдзэрыгуэкІкъым. Сэ сыщыщІам сльэгъуащ абы дэсхэр зэкъуэту, зэгурыІуэу, зэдзэІэпыкъужу зэрыпсэур. Зыми химыгъэзыхьауэ, хьэрычэтыщІэхэм кьуажэр ирагъэфІэкІуащ, сабий джэгупІэхэр ящІащ, гъэзугъэр зэрагъэпэщыжащ, мэжджытыр кьагъэщІэрэщІащ.

Абы дэс щууей хахуэхэмрэ мэкъумэш Іэнатіэм елэжьхэмрэ гур хэзыгъаХуэ щІалэхэщ. ЯщІэни, ялэжьыни, яшхыни ягъуэту апхуэдэхэщ кьуажэдэсхэр. Адыгэ щІыгужьым хыхьэу сыздэщІа жылэхэм ящІущу псом нэхърэ нэхъ сигу дыхьар Блашэпсынэщ.

Сэ нобэ Америкэм сыщыпсэуми, си насыпщ си пльабжьэр адыгэ хэкум кьызэрыщежьар, насып тІууа ІэІэщ си гугъу сщІы жылэхэм сыкІуэну, сыщыІэну кьызэрысхуихуар. Сыт хуэдэ кьалэшхуэ удэмысми, сыт хуэдэ бзэ екъэжьа ПІурымыльми, Іэмал имыІэу уи кьежьапІэр зэбгъэщІыхун хуейщ, итІанэщ цІыху зэпІэзэрыт, щыпкъэ кьащыщІэхэкІынур, уи гупсысэр зэтеубыда щыхъунур, укъызыхэкІам уи щхьэр лъагэу щыуигъэІэтынур. Сэ ар кьызэхъуІащ.

Зи гугъу сщІа кьуажэхэми сыщыкъэщІа адрей жылэхэми кьыщыспежьа, кьыщысщыгуфІыкІэ псоми фІыщІэ ин яхуэощ, сэ абыхэм зыхызагъэщІащ сызищысщэрэ сыкъызысхэкІамрэ.

КІЭДЫКІУЕЙ Батыр.
Лос-Анджелес, США.

БЕМЫРЗЭ Зураб

Хэусэ

Зызогъэзыхри, бзэпсым соІусэ,
Гупсысэ щэху кьысхуэпльэйуэ,
Зызогъэзыхри зызогъэгусэ,
Жьыхэр зыпыху мыІэрысейуэ.
Сыкьыщопльэйри, удау
соГъагъэ,
Уэгу кьалъэщІар кьызэдэхащІэу,
Сыкьыщопльэйри, щэху
дыкъуэнагъыу,
Си пкъыр хокІаж уафэм и лъащІэм.
ЗызогъэукІри, сохъу лъахэжь
яжьэ,
Къупщхьэу схэлъар сыну
искъухьу,
Узобгынэжри, си хэхэс гъащІэм
Хэку кьэзгъэнар кьонэр
и пщІыхьу.
ЗыкъызощІэжри, шыбгым
сошэсыр,
ПкъыкІэ шэгын кьафІэщыпыну,
СыкъызопльэкІри - гупсысэ уэсу
Кьахуэзгъэнам - хотхъухь
си быныр...

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер

Ди Хэку дыщэ

Пшэ къытехьэм - бынхэм урадыгъэщ.
Дыгъэр гуащІэм - жьауэ захубощІ,
Уи быдзышэр кьабзэщ лъагъуныгъэу
Анэм фІэкІ узэщхь щымыІэу сфІощІ.
Уэ уи бынхэр лЫгъэм хуогъаІущыр,
Лъагъуныгъэр уощІыр я Іэпэгъу,
Аращ, дауи, дгъафІэу ди Хэку дыщэ,
УщІэхъуар уэ анэм и щІэджагъу.
ПщІыр уи бийщ уэ, пэжым урителъхьэщ,
ГъащІэр дахэм - нэгъуэщІ ухуэмей.
Аращ, дауи, анэм епщІыжаУэ,
КъыщІалъытэр уэ кьоэзыхыр лей.
Шынэ пщІэркъым уи щІым бий кьихьамэ,
Бийхэм я псэр уи кьарум егъэн
Уи сурэтыр анэм и сурэтым
Ещхьу бынхэм щІащІыни арагъэнщ.

ГЪУЩІО Зариф

Убыхьбзэ

Сыткіэ уеджэ хъуну си гум жьы
къыщепщэм?
Сыгъщ сурэт згъэлъапІэр, мэкІэзызыр
си Іэр.
Дэ ди гъащІэ гугъум пэжыра щытепщэр?
ПщІым дыщІапІыкІамэ... Пэжыр дэнэ
щыІэ?..
Псэууэ ди Іубыххэр жаІэ, я сурэтыр
Сагъэлъагъур, ауэ зыщ зыщІэжыр я бзэр.
КъэувыІэнщ сыхьэтыр, ар дунейм
ехьыжьм,
Дуней псом щыІунущ ди адыгэ гъыбзэр.
Гыбзэр абы хэту, шэч хэмылъ, кьэІунущ.
Хэт тхъуэгъэкъуэншэну дэ иджы абыкІэ,
ЩІым щыпсэухэм я бжэм яжащэр
теуІуэнущ.
Дэ тхъуэжьын зыгуэр ди закъуэу
щытлъэмыкІкІэ.
МэкІуэдыж зы къуэпсыр, малІэ бзэ
дахащэр,
ЗокІуэ, ехьмы гугъу, а зы убых закъуэр.
Дэнэ щыІэ щІэблэр? Тыркухэм я бзэщ
къэІур...
Хуэчкъым зыми бзэм и деж лъэбакъуэ.
Къыщтэжатэм лъэпкъым зи псэ хэкІ
бзэ лъапІэр,
Ар хъужьнут кьабзэ, уэсым хуэдэу хужьу.
Ауэ сфІощІыр блэкІхэм зы убых яхэту,
Дэ ди мынэІуасэу, езыми димыщІыхуу...

ЧЕРКЕЗ Владимир

Адэжь Хэку

Хэкур - ар уэшхыщхъэм и ужькІэ
къепсыж дыгъэ хуабэщ,
Жьыуэ тэджажэ, гъавэм елэжь
мэкъумэшыщІэрщ,
ЖэщкІэрэ уафэ кІыфІым кьыщыблэ
вагъуэщ,
Бийм пэуба зауэлІым хьэлу Іыхьэ
езыт анэщ.
Псынэ кьабзэщ ар, зэрылъэлъу дыхьэщх
псыкъелъэщ.
Губгъуэм ит жыгей инщ ар, зэщІэгъагъэ
жыг хадэщ,
Кьуалэбзуэм я уэрэдыр зыщхьэщыт
ныджэ инщ.
Щащыху хужьыр и ныджэм телъщ
щІымахуэм темыкІыу,
Удэ уфафэм гъэмахуэм яуфэбгъу губгъуэ
инщ ар,
КъыщІафыкІ щІым а удэхэм гъащІэ зыт
и хъугъэпсхэр;
Хэкур - ар дэ ди унэрщ, ди жыг хадэрщ.
Ди гум ди адэжь хэкур сытым
дежи щопсэу!

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар щ.Хьэщэмыщ Иэзэ

● Гупсысэ кІэщІхэр

Ехъулі эныгъэр уафэм къехуэхыркъым

Гурыщіэр - гушыІэжьейкъым, дыхьэшхэн хуэІуну ухуэмеймэ, псоми яхуумыІуатэ. Ухакіуэмэ - ар нэгъуэщІ Іуэхуц: цІыхур уи гу пцІанагъэм есэжащи, кІыпхъуГыдыкІ мыхъумэ, кІыпщыдыхьэшхьжыркъым (гущІэгъу кІыпхуещІ).

* * *

Гужьгъэжь, лъагъумыхъуныгъэ цІыху гуэрхэм яхудиІэху, а цІыхухэм нэхъыкІэ дызэрыхъур тщІэжу е зыдумысыжьфу щытамэ, ди уэредадэт!

* * *

Гухьэлэл-псэ къабзэм пцІыи псалъэ фІеи кІэрызагъэркъыми, зэхэщІыкІ лъагэ зиІэр убгКи къызэрыфІэІуэху щыІэкъым; псом хуэмыдэу ар творческэ цІыхумэ, и зэфІэкІыи, и Іуэхущіафэм, хигъахъуэ мыхъумэ, хигъэщІыркъым. Апхуэдэ цІыхухэр зымыгъэпсэууэ кІэрыхьыжьэми пщІэншэу и зэман егъэкІуэд, ауэ псэкІэ зызымыужьаи, лІы мыхъум, цІыху гъэикІэным и насып къыхэкІыну хэзыпІэгъуэм, абы дэрэжагъуэрэ гуКыдэжкрэ кРиту къызыщыхъум зыри пхуещІэнукъым... АхьмакъІуэхуншэм а хьэл мыгъуэр къытепхмэ - лІэни!..

* * *

ГъащІэр псыеижэхуц щІыжаІэр псымрэ гъащІэмрэ псынщІэу зэрыжэр арауэ фІэкІа ялэм нэгъэщІу къызгурыІуэртэкъыми, иджы фІы дыдэу къызгурыІуащ: дунейм теткъым псым фІейуэ (пхъэнкІийуэ) хамыдэз, гъэкІэрэ щызэтримыхьэ...

* * *

Дахагъэр, хабзэр, пщІэ-нэмысыр, хъэл-щэныфІагъэр, дуней псор къызэхэпкІухьаи, зыщІыпІи щьбгъуэтынукъым - умылъыхъуэ, укъыщыщІэкІым ахэр уи унэм къыздыщІумыхамэ.

* * *

Дэ псоми цІыхуфІ ткІуэцІысщ, гу хьэлэл-псэ къабзэ иІэу, ауэ дунейм къытехьэну таучэл щищІыр ззэзмызэхэщ, - нэгъэщІым къыгурымыІуэнкІэ, ауан къащІынкІэ мэшынэ.

* * *

Дэтхэнэ цІыхуми фІыуэ хэлъыр хэплъэгъуэныр Іущыгъэм и нэщэнщ; Іейуэ хэлъым, и ныкъусаныгъэщыщІэныгъэхэм фІэкІа хэзымылъагъуэм псэкІэ зиужьауи, езыр цІыхуфІыуи жыІэгъуейщ.

* * *

ЕхъулІэныгъэр уафэм къехуэхыркъым. Ар гугъэм пыщІащ. Гугъэр - фІы и лъэныкъуэкІэ хъуэпсапІэщ. ХъуэпсапІэр - Іуэху хэмылъу зэфІэкІыркъым. Іуэхум и кІэухыр зэхъуэкІыныгъэщ. Уи гъащІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зихъуэжамэ - уи гугъэм утеІэбжащ. Уи гугъэм утеІэбжамэ - ущыщІэхъуэпсар кІохъуІащ. Ауэ щцхъуКІэ, гугъэм и кІэухыр - екъуІэныгъэщ. Гугъэурэ лІэжащ, жиІэмэ - и гъащІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зимыхъуэжауэ араща.

* * *

Зэманыр шыщхьэмыГаазэ-шэ цІывауэ макІуэ... ПІэкІу нэхъ хуэм зищІыну, кьызэплъэкІыу ди зэхэтыкІэм Іуплъэну укІытэу къыщІэкІынущ.

ХЬЭТУ Пётр.

● Гушыіэ

Дзажэ пшэрым урезгъэхьэхынщ

Хъуэжэ мэжэлІауэ и хэгъэрей гуэрым деж еблагъэри, яГъэшэну елъэІуащ.

- Иджыпсту хьэзыру мырамысэ гъущ фІэкІа зыри симыІэ, - жиІэри уэнжакъым дзажэ гъэГуа фІэлъ пэтми, унэгуащэм Хъуэжэ мырамысэ къудей кхыхутригъэуващ.

Абы мырамысэр ишхыу щІидзащ. АрщхьэкІэ мырамысэ гъущэ пхуэшхынт - и тэмакъым тенэуэрэ хуегъэхьыртэкъым. Абы нэмыщІауэ лым и мэр къыщІихьэрти, Хъуэжэ жиІащ:

- Мырамысэ, мырамысэ, уеХынумэ ех, уемыхынумэ, мо уэнжакъым фІэдза дзажэ пшэрым урезгъэхьэхынщ!

Ар зэхэзыха унэгуащэр укІытэжри жиІащ:

- Сигу къэкІыжатэкъым, на, дзажэр зэрыдиІэр, - ИкІи лы хуигъажьэри иригъэшхащ.

МАХУЭ Іэлисэхь.

● Къуажэхьэр

Унэр пэкІэ зыщІ

♦ Нэхущ сыхьэт,
Сыхьэт щІамыІуантІэ.

♦ Мэл хъущэм и пашэ,
Пашэ мышынэ.

♦ Жэщкіэ лъэтэрей,
Жейуэ хэлъым щыхьэрей.

♦ Жыг щхьэкІэр зи унэ,
Унэр пэкІэ зыщІ.

♦ ЩІыІэ хъуамэ,
ди щыгъын,
Хуабэ хъуамэ,
хъуным ихъу.

♦ Уэшхым къыдаІэт,
Іэтауэ кърахьэкІ.

ЖЭУАПХЭР:

Абаяев Жан. Абрамян Бэу. Дмитриу Жбаяу.

Зэхэзыльхьар
ЩОДЖЭН Леонидщ.

● Дыщалъхуа щІынатлъэм

Налшык щхъуантІагъэм и къалэщ.

● Псалъэжьхэр

Гум имылъ жьэм къиІуатэркъым

♦ Іуэхур жыІэгъуафІэщхьэкІэ - щІэгъуафІэкъым.
♦ Хамэ пщІэнтІэпс хъер хъуркъым.
♦ Бзыри и абгъуэ щытепщэщ.
♦ Дахэм къимыхь Іейм къихьыркъым.
♦ Делэ лЫкІуэ умыщІ.
♦ Гум имылъ жьэм къиІуатэркъым.
♦ Хъэрэ пэт и къуажэр ибгынэркъым.
♦ ХьэщІапІэр фыми, уи унэжь нэхъыфІыжщ.
♦ Мыщэм зыщихъумэуэрэ мащэм ихуащ.
♦ Ныбэр нэщІмэ, лъакъуэр щІэкІыркъым.
♦ Пкъымрэ псэмрэ зэІэпыкІыгъуейщ.
♦ Псалъэ гуапэ гугъэдахэщ.
♦ Псалъэм и пэр умыщІэу и кІэр пщІэркъым.
♦ Псым хэлъ пхъэр мэфри, фэм дэлъ гур мэбампІэ.
♦ Кхъахэ хъуари кхъэм ехъуапсэркъым.
♦ КЬапхъэнми имыгъапцІэ иубыдыркъым.
♦ Къалэн зыщщпщІыжыр къалэн пхуохъу.
♦ Къундэпсо гуащІэм кхъуэщцыныр зэрегъэкІуэкІ.
♦ Маэзщ1эр куэдрэ блэрэкъым.
♦ МафІэншэри гъавэншэри зэлъытащ.

● Ди анэм къыІуатэжа хъыбар

ЛІыжь цІыкІумрэ пщымрэ

Пасэм щыгъуэ ди къуажэм дэсащ зы лІыжь цІыкІу. Ар хуабжьу гушыІэрейт, зыгуэр ауан ищІыну е щІэнэкІэну иужь ихьамэ, абыкІэ къыпэлъащІэ жьлэ кІыхьым къыдэкІынутэкъым. Псом хуэмыдэу абы фІыуэ илъагъур пщы пагэхэмрэ уэркъ зыхэфІэзэшхэмрэ зэрыгъэуэнырт, заригъэцІыхужьнырт. ЛІыжь цІыкІур зэрыІуэрыІуэдзыр ящІэрти, пщыхэми абы зыщадэйрт, зыгуэркІэ игу къыдэбгъэрэхуэн къыдэкІэжьмэ жари.

Зэгуэрым псы икІыпІэм деж цІыхушхуэ щызэтрихьат. Абы ирихьалІэу пщы щІалэщІэ къыпухьащ, ишкІи и Іэщэфащэкіи екІуу зэгъэпэщауэ. Пщы щІалэщІэм ибгъу зырызымкІэ бейгуэлитІ къыщІитт. Ар егъэлеяуэ пагэт, нэрыльагъуэт и щхьэ трилъхьэмрэ и напщІэ теГьымрэ хуэдиз зэрыкъуэмыпІыр.

Псы икІыпІэм щытхэм яхэтт ди къуажэгъу лІыжь цІыкІу гушыІэрейри. Мо пщы пагэр щилъагъум лІыжь цІыкІум ину, псоми зэхьэкІын хуэдэу, жиІащ:

- Я дэ ди Тхьэ, мы сэ сльагъур сыт? Ярэби, мыпхуэдэ щІалэ екІу, мыпхуэдэ цІыху зэкІуж щыІэжу си гугъаКъыми! Тобэ, тобэ, адыгэу пІэрэ? Хэт къэжжиІэн мы щауэр къыздикІа щыпІэр? И насыпкъэ апхуэдэкъуэ зиІэ адэм! Хьэуэ, зи унэ насыпкІэ къибгъар ар къызыхэкІа лъэпкъырщ! КъыжьфІэ, хэт хъуну мы жэщи махуи тхьэ сызыхуелъэІуну щІалэ къуданыр?

ЛІыжь цІыкІум гу льитащ пщым и напщІэр машІэу зэрыхэлъэтам икІи нэбгъуэкІэ къызэрыхуелПъэкІам. ЦІыхухэми ялъэгъуащ пщыр и гъусэхэм зыгуэркІэ зэреупщІар. ЗэрыхуагъэфэщамкІэ: «Хэт апхуэдизу хъийм икІауэ зигу срихьа, зи псэм сыдыхьа лІыжь цІыкІур?» - жиІэу щІэупщІауэ арат. Ар къыщыгурыІуэм, лІыжь цІыкІум нэхъри тригъалэу щІидзащ:

- Дауэ? Ди куэажэпщым и щІалэуи?! Е Алыхьым насыпыр зрита пщышхэ, апхуэдэ щІалэ уиІэу хэт и гугъэнт. Нобэ сылІэми, солІэ жысІэнкъым апхуэдэлІ адыгэм щыдиэкІэ! АтІэми, ди къуажэу! Ауэ сытым щыгъуэ иІэжьи и псэр зыслъагъэнур? НэгъуэщІ мыхъуми и сурэтыр сщымыгъупщэну си нэгу щІэтамэ аратэкъэ! Ар зытесым хуэдэ зы шы-уанэ зэтелъ сиІатэмэ, сэ си Іэхуэт абы и сурэтыр сщигъупщэжтэмэ... Ауэ мыгъуэ, сэ факъырэм дэнэ къисхьи апхуэдэ хуарэ, апхуэдэ адыгэ уанэ?..

ЛІыжь цІыкІум и мурадыр къехъуІащ. ЕтІуанэ махуэм пщым и лІыщІитІ къэкІуащ, шы-уанэ зэтелъ зэгъэпэща кхыхуашэри. Ар пщыр апхуэдизу гунэс зыщыхъуам кхъыхуищІа саугъэтт. ЛІыжь цІыкІум иджыпстУ жиІэ псори кІанэ щымыІэу пщым зэрыжрагъэжьнур тэмэму ищІэу кхригъэжьащ:

- Я дэ ди Тхьэ, мыр сыту саугъэтышхуащэ сэ схуэдэ мэкъумэшыщІэ тхьэмыщкІэжь дежкІэ. Ди къуажэпщым и щІалэм и закъуэщ апхуэдэ псэ хьэлэл зиІэу мы дунеишхуэм тетынкІэ хъунур! Ауэ сыт иджы сэ факъырэм сщІэнур? Мы шым и цыр мыпхуэдэу цІуужу схузэхьэну пІэрэ, выгу зэщІэщІа симыІэу? СыткІи сыезн, сыткІи сысэн мыбы езгъэшхын зэнтхъ сиІэн щхьэкІэ?

Аргуэру лІыжь цІыкІум и мурадыр къехъуІащ. ЕтІуанэ махуэм пщым абы выгу зэщІэщІа кхыхуригъэхуащ. Ар щІилъагъум, лІыжь цІыкІур пщым и къуэм щытхъури, и нэпсыр къекІуауэ жиІащ:

- Сыт мыгъуэкІэ сэбэн шы-уанэ зэтелъри, ушэсу уэрамым удыхьэ щымыхьунукІэ?

- Сыт щІэмыхьунур, ди адэ? - ягъэщІэгъуащ пщым и унэІутхэм.

- Дауэ пщым къыхуригъэша а шы дэгъуэм сышэсын мы си щыгъын бацэхэмкІэ? - щэтащ ар. - Апхуэдэшым екІу фащэ, жи!

ЖалІэ етІуанэ махуэм лІыжь цІыкІум фащэ екІу щыгърэ мо шы зэгъэпэщам тесу уэрамым къыдыхьауэ.

Апхуэдэу абы и къуажэгъуэм я фІэщ ищІыгъащ я пщыр зэрыделэр.

КЪЭЗАН Хьэмзэт.

Псалъэзэблэдз



Бадзэуэгъуэм и 24-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкІуэкІыу*: 3**. ІэшкІэ. **5**. Бланэ. **7**. Іэуа. **8**. Къуэдз. **10**. Бжьэф. **12**. Шухьэ. **14**. ЛутІэ. **17**. Иб3. **18**. КъыпцІэ. **19**. Къыр. **22**. Симферополь. **25**. Тощ. **26**. Щтауч. **28**.Таж. **29**. Хьэкъун. **31**. ПцІым. **32**. Мусэ. **34**. Мыл. **35**. Тхьэм. **39**. Ержьб. **40**. Армум.

***Къехьу*: 1**. Джэду. **2**. Къунижь. **4**. КІэ. **6**. Лы. **7**. Іэдииху. **8**. Къурэ. **9**. Дзэл. **11**. Факъырэ. **13**. Хьэкъ. **15**. Усэ. **16**. «Спартак». **20**. Дзэ. **23**. Птелъым. **24**. Бжьыхым. **26**. Щыкъу. **27**. ЧыцІ. **30**. Нэм. **31**. Пыл. **33**. Сурэ. **36**. ХьэукІ. **37**. Мы. **38**. Хур.

***ЕкІуэкІыу*: 1**. «Си нанэ, а хьэлъэзэкъэрщ нобэкІэ ІкъэздзэкащІэр, «зеинщэщ мы ... цІыкІур», жаІэурэ Іэ къыздзэзылъэр» - ЩоджэнцІыкІу Алий и усэ цІэрыІуэ «Нанэм» щыщ. **4**. ЛъапсэщІэм ... набжи хэлъкъым. **7**. Уи бзэгур къэзыс гуэр. **9**. ХьэкъущІыкъу. **10**. ЕрыскъыІ ... Е гум фІэфІ гуэр. **11**. Цым, цым, цым, ... лъэбыщэкъ. **12**. Удын зэхэдзэ нэхъра - ... зэхэдзэ. **13**. Іуэху мыублэ ... хэсщ. **15**. Пхъэ дзакІэ папцІэ цІыкІунитІэ. **17**. Сабийр ... хъухункІэ жеящ. **19**. ... зытеха къэбыр пшхыну нэхъ ІэфІщ. **20**. Бадзэшхуэ. **21**. Адыгэ генерал. **24**. МаухуэІэ. **25**. ... тхьэІухудым щІалэхэр хьэщыкъ къищІащ. **26**. Ди гъунэгъум и ... къиКІащ: къулыкъуфІ къратащ. **28**. Хадзэкі трасэн хьисэнкІэ унагъуэм ягъэщІэба щІы Іыхьэ. **30**. «Семыгупсысу дыгъуасэ псалъэ дыдэр зэроздзар уи жагъуэ ...», - зэлъэкьэгъу лІитІым я зым зыхуеГьазэ адрейм. **32**. Балигъ мыхъупа цІыхухъу. **33**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ хуэкІуэ. **34**. Іэпслъэпсым щыщ. **35**. Бий гущІэгъуншэр къуажэм къащщыблагъэм, жылэр ... ихьэжащ. **36**. Бжэныфэм къыхаха Іудэнэ.

***Къехьу*: 2**. ... Ипщэ къуажэ. **3**. Фэм псы дищІэу къэушырыба щІыпІэ. **4**. 1708 гъэм къыттеуа кърымыдзэм хьэпэчпцІэр хэзылъхьа адыгэхэм я дзэзешэу щыта ХьэтІохъущокъуэ ... **5**. Къэбэрдей композитор. **6**. ХэгъукІ-хэфыкІыу щІэзыдза жыгым трищІэ Іэгъэбэгу. **8**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ Елгъэр Кашиф и куажэ. **14**. ЖьэкъэлэрыМ нэгъуэщІу зэреджэ. **16**. Ар щІэпым къыжьак. **18**. Тутнакъэщым нэгъэщІу зэреджэ. **22**. ПшынауэІцІэрыІуэ, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист. **23**. Хадзэкі хьэсэм хищІэ цІывыжь. **26**. Адыгей тхакІуэ цІэрыІуэ ... Тембот. **27**. Илъэс зытІум ит зыщІэ. **29**. Армэм къулыкъу щызыщІэ. **31**. Жану лъэ гуэр. Е джьдэ...

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Шхукіэ щІа лэкъум

Шху гуащІэм шыгъу, джэдыкІэ цІынэ, содэ, фошыгъу, сэхуран дагъэ халхьэ, мафІэм трагъэувэри, зэІащІэурэ и хуабагъэр градус 35-рэ хъуху трагъэт, содэмрэ фошыгъумрэ яГэткІуху. Шху хуэбар гуэдэ хьэжьигъэ ухуэнщІам хакІэри, тхьэв ягущ, хъыдан трапхъуэри, хуабапІэм щагъэтщ дакъикъэ 20 - 30-кІэ.

ИтІанэ Іэнэмрэ хупхъэмрэ сэхуран дагъэ щахуэ, тхьэвыр мм 3 - 4 и Іувагъыу ухупхъэкІэ яхури, сэкІэ зэпаупщІ. Лэкъумыр сэхуран дагъэкІи тхъукІи бгъажьэ мэхъу. Тхьэв зэпыГъэжар фІыуэ къэплъа дагъэм халхьэри, тхъэупІъ хъуху ягъажьэ.

ПІэкъумыр щабэу, пІэрэпІэщэжу щытын хуэйщ. Щатэ, фо, шей щІыгъуу хуабэу яшх.

Халхьэхэр: гуэдз хьэжьигъэу - г 700, шхууэ - г 400, джэдыкІэу - 1, шыгъуу, содэу, фошыгъуу, зэрагъэжьэну дагъэу - зыхуейм хуэдиз.

Фоупсым хэгъэвыхьа дэ купщІэ

Дэ купщІэр яуб е лыхьэжым щІагъэкІ, тебэ е шыуан гъущэм мыІув дыдэу иралхьэ, мафІэм трагъэувэри, бэлагъкІэ зэІащІэурэ, дыщафэ хъуху, мэ гуакІуэ къищтэху ягъэпэгъуэ. Ар яухуэнщІ, зэІащІэурэ фо къэплъам хакІуэ, зэ хъытрагъэкъуалъэри къытрахьыж. ТІэкІу зэрыупщІыуІ кІэструлым е кхъуэщыным иракІэ, и щхьэр тепІауэ щыІаПІэ ягъэуриу, зыхуейм хуэдиз къыгуахьыурэ яшх. ЩІыІэ зыхьыхьахэмрэ зэщІэ тхъэмщІыгъу узхэмрэ я дежкІэ сэбэпышхэущ. Лэкъум хуабэ, щІакхъуэ дашх, шей драф.

Халхьэхэр: фоуэ - г 300, дз ущэбауэ - г 150-рэ.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхьжащ.

● Гушыіэ

Дзажэ пшэрым урезгъэхьэхынщ

Хъуэжэ мэжэлІауэ и хэгъэрей гуэрым деж еблагъэри, ягъэшэну елъэІуащ.

- Иджыпсту хьэзыру мырамысэ гъущэ фІэкІа зыри симыІэ, - жиІэри уэнжакъым дзажэ гъэГуа фІэлъ пэтми, унэгуащэм Хъуэжэ мырамысэ къудей кхыхутригъэуващ.

Абы мырамысэр ишхыу щІидзащ. АрщхьэкІэ мырамысэ гъущэ пхуэшхынт - и тэмакъым тенэуэрэ хуегъэхьыртэкъым. Абы нэмыщІауэ лым и мэр къыщІихьэрти, Хъуэжэ жиІащ:

- Мырамысэ, мырамысэ, уехынумэ ех, уемыхынумэ, мо уэнжакъым фІэдза дзажэ пшэрым урезгъэхьэхынщ!

Ар зэхэзыха унэгуащэр укІытэжри жиІащ:

- Сигу къэкІыжатэкъым, на, дзажэр зэрыдиІэр, - ИкІи лы хуигъажьэри иригъэшхащ.

МАХУЭ Іэлисэхь.

● Гупсысэ кІэщІхэр

ЕхъулІэныгъэр уафэм къехуэхыркъым

ГурыщІэр - гушыІэжьейкъым, дыхьэшхэн хуэІуну ухуэмеймэ, псоми яхуумыІуатэ. Ухакіуэмэ - ар нэгъуэщІ Іуэхуц: цІыхур уи гу пцІанагъэм есэжащи, кІыпхъуГыдыкІ мыхъумэ, кІыпщыдыхьэшхьжыркъым (гущІэгъу кІыпхуещІ).

* * *

Гужьгъэжь, лъагъумыхъуныгъэ цІыху гуэрхэм яхудиІэху, а цІыхухэм нэхъыкІэ дызэрыхъур тщІэжу е зыдумысыжьфу щытамэ, ди уэредадэт!

* * *

Гухьэлэл-псэ къабзэм пцІыи псалъэ фІеи кІэрызагъэркъыми, зэхэщІыкІ лъагэ зиІэр убгКи къызэрыфІэІуэху щыІэкъым; псом хуэмыдэу ар творческэ цІыхумэ, и зэфІэкІыи, и Іуэхущіафэм, хигъахъуэ мыхъумэ, хигъэщІыркъым. Апхуэдэ цІыхухэр зымыгъэпсэууэ кІэрыхьыжьэми пщІэншэу и зэман егъэкІуэд, ауэ псэкІэ зызымыужьаи, лІы мыхъум, цІыху гъэикІэным и насып къыхэкІыну хэзыпІэгъуэм, абы дэрэжагъуэрэ гуКыдэжкрэ кРиту къызыщыхъум зыри пхуещІэнукъым... АхьмакъІуэхуншэм а хьэл мыгъуэр къытепхмэ - пІэни!..

* * *

ГъащІэр псыеижэхуц щІыжаІэр псымрэ гъащІэмрэ псынщІэу зэрыжэр арауэ фІэкІа ялэм нэгъэщІу къызгурыІуэртэкъыми, иджы фІы дыдэу къызгурыІуащ: дунейм теткъым псым фІейуэ (пхъэнкІийуэ) хамыдэз, гъэкІэрэ щызэтримыхьэ...

* * *

Дахагъэр, хабзэр, пщІэ-нэмысыр, хъэл-щэныфІагъэр, дуней псор къызэхэпкІухьаи, зыщІыпІи щьбгъуэтынукъым - умылъыхъуэ, укъыщыщІэкІым ахэр уи унэм къыздыщІумыхамэ.

* * *

Дэ псоми цІыхуфІ ткІуэцІысщ, гу хьэлэл-псэ къабзэ иІэу, ауэ дунейм къытехьэну таучэл щищІыр ззэзмызэхэщ, - нэгъэщІым къыгурымыІуэнкІэ, ауан къащІынкІэ мэшынэ.

* * *

Дэтхэнэ цІыхуми фІыуэ хэлъыр хэплъэгъуэныр Іущыгъэм и нэщэнщ; Іейуэ хэлъым, и ныкъусаныгъэщыщІэныгъэхэм фІэкІа ззэзымылъагъуэм псэкІэ зиужьауи, езыр цІыхуфІыуи жыІэгъуейщ.

* * *

ЕхъулІэныгъэр уафэм къехуэхыркъым. Ар гугъэм пыщІащ. Гугъэр - фІы и лъэныкъуэкІэ хъуэпсапІэщ. ХъуэпсапІэр - Іуэху хэмылъу зэфІэкІыркъым. Іуэхум и кІэухыр зэхъуэкІыныгъэщ. Уи гъащІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зихъуэжамэ - уи гугъэм утеІэбжащ. Уи гугъэм утеІэбжамэ - ущыщІэхъуэпсар кІохъуІащ. Ауэ щцхъуКІэ, гугъэм и кІэухыр - екъуІэныгъэщ. Гугъэурэ лІэжащ, жиІэмэ - и гъащІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зимыхъуэжауэ араща.

* * *

Зэманыр шыщхьэмыГаазэ-шэ цІывауэ макІуэ... ПІэкІу нэхъ хуэм зищІыну, кьызэплъэкІыу ди зэхэтыкІэм Іуплъэну укІытэу къыщІэкІынущ.

ХЬЭТУ Пётр.

● Ди анэм къыІуатэжа хъыбар

ЛІыжь цІыкІумрэ пщымрэ

Пасэм щыгъуэ ди къуажэм дэсащ зы лІыжь цІыкІу. Ар хуабжьу гушыІэрейт, зыгуэр ауан ищІыну е щІэнэкІэну иужь ихьамэ, абыкІэ къыпэлъащІэ жьлэ кІыхьым къыдэкІынутэкъым. Псом хуэмыдэу абы фІыуэ илъагъур пщы пагэхэмрэ уэркъ зыхэфІэзэшхэмрэ зэрыгъэуэнырт, заригъэцІыхужьнырт. ЛІыжь цІыкІур зэрыІуэрыІуэдзыр ящІэрти, пщыхэми абы зыщадэйрт, зыгуэркІэ игу къыдэбгъэрэхуэн къыдэкІэжьмэ жари.

Зэгуэрым псы икІыпІэм деж цІыхушхуэ щызэтрихьат. Абы ирихьалІэу пщы щІалэщІэ къыпухьащ, ишкІи и Іэщэфащэкіи екІуу зэгъэпэщауэ. Пщы щІалэщІэм ибгъу зырызымкІэ бейгуэлитІ къыщІитт. Ар егъэлеяуэ пагэт, нэрыльагъуэт и щхьэ трилъхьэмрэ и напщІэ теГьымрэ хуэдиз зэрыкъуэмыпІыр.

Псы икІыпІэм щытхэм яхэтт ди къуажэгъу лІыжь цІыкІу гушыІэрейри. Мо пщы пагэр щилъагъум лІыжь цІыкІум ину, псоми зэхьэкІын хуэдэу, жиІащ:

- Я дэ ди Тхьэ, мы сэ сльагъур сыт? Ярэби, мыпхуэдэ щІалэ екІу, мыпхуэдэ цІыху зэкІуж щыІэжу си гугъаКъыми! Тобэ, тобэ, адыгэу пІэрэ? Хэт къэжжиІэн мы щауэр къыздикІа щыпІэр? И насыпкъэ апхуэдэкъуэ зиІэ адэм! Хьэуэ, зи унэ насыпкІэ къибгъар ар къызыхэкІа лъэпкъырщ! КъыжьфІэ, хэт хъуну мы жэщи махуи тхьэ сызыхуелъэІуну щІалэ къуданыр?

ЛІыжь цІыкІум гу льитащ пщым и напщІэр машІэу зэрыхэлъэтам икІи нэбгъуэкІэ къызэрыхуелПъэкІам. ЦІыхухэми ялъэгъуащ пщыр и гъусэхэм зыгуэркІэ зэреупщІар. ЗэрыхуагъэфэщамкІэ: «Хэт апхуэдизу хъийм икІауэ зигу срихьа, зи псэм сыдыхьа лІыжь цІыкІур?» - жиІэу щІэупщІауэ арат. Ар къыщыгурыІуэм, лІыжь цІыкІум нэхъри тригъалэу щІидзащ:

- Дауэ? Ди къуажэпщым и щІалэуи?! Е Алыхьым насыпыр зрита пщышхэ, апхуэдэ щІалэ уиІэу хэт и гугъэнт. Нобэ сылІэми, солІэ жысІэнкъым апхуэдэлІ адыгэм щыдиэкІэ! АтІэми, ди къуажэу! Ауэ сытым щыгъуэ иІэжьи и псэр зыслъагъэнур? НэгъуэщІ мыхъуми и сурэтыр сщымыгъупщэну си нэгу щІэтамэ аратэкъэ! Ар зытесым хуэдэ зы шы-уанэ зэтелъ сиІатэмэ, сэ си Іэхуэт абы и сурэтыр сщигъупщэжтэмэ... Ауэ мыгъуэ, сэ факъырэм дэнэ къисхьи апхуэдэ хуарэ, апхуэдэ адыгэ уанэ?..

ЛІыжь цІыкІум и мурадыр къехъуІащ. ЕтІуанэ махуэм пщым и лІыщІитІ къэкІуащ, шы-уанэ зэтелъ зэгъэпэща кхыхуашэри. Ар пщыр апхуэдизу гунэс зыщыхъуам кхъыхуищІа саугъэтт. ЛІыжь цІыкІум иджыпстУ жиІэ псори кІанэ щымыІэу пщым зэрыжрагъэжьнур тэмэму ищІэу кхригъэжьащ:

- Я дэ ди Тхьэ, мыр сыту саугъэтышхуащэ сэ схуэдэ мэкъумэшыщІэ тхьэмыщкІэжь дежкІэ. Ди къуажэпщым и щІалэм и закъуэщ апхуэдэ псэ хьэлэл зиІэу мы дунеишхуэм тетынкІэ хъунур! Ауэ сыт иджы сэ факъырэм сщІэнур? Мы шым и цыр мыпхуэдэу цІуужу схузэхьэну пІэрэ, выгу зэщІэщІа симыІэу? СыткІи сыезн, сыткІи сысэн мыбы езгъэшхын зэнтхъ сиІэн щхьэкІэ?

Аргуэру лІыжь цІыкІум и мурадыр къехъуІащ. ЕтІуанэ махуэм пщым абы выгу зэщІэщІа кхыхуригъэхуащ. Ар щІилъагъум, лІыжь цІыкІур пщым и къуэм щытхъури, и нэпсыр къекІуауэ жиІащ:

- Сыт мыгъуэкІэ сэбэн шы-уанэ зэтелъри, ушэсу уэрамым удыхьэ щымыхьунукІэ?

- Сыт щІэмыхьунур, ди адэ? - ягъэщІэгъуащ пщым и унэІутхэм.

- Дауэ пщым къыхуригъэша а шы дэгъуэм сышэсын мы си щыгъын бацэхэмкІэ? - щэтащ ар. - Апхуэдэшым екІу фащэ, жи!

ЖалІэ етІуанэ махуэм лІыжь цІыкІум фащэ екІу щыгърэ мо шы зэгъэпэщам тесу уэрамым къыдыхьауэ.

Апхуэдэу абы и къуажэгъуэм я фІэщ ищІыгъащ я пщыр зэрыделэр.

КЪЭЗАН Хьэмзэт.

● Дыщалъхуа щІынатлъэм

Налшык щхъуантІагъэм и къалэщ.

● Псалъэжьхэр

Гум имылъ жьэм къиІуатэркъым

♦ Іуэхур жыІэгъуафІэщхьэкІэ - щІэгъуафІэкъым.
♦ Хамэ пщІэнтІэпс хъер хъуркъым.
♦ Бзыри и абгъуэ щытепщэщ.
♦ Дахэм къимыхь Іейм къихьыркъым.
♦ Делэ лЫкІуэ умыщІ.
♦ Гум имылъ жьэм къиІуатэркъым.
♦ Хъэрэ пэт и къуажэр ибгынэркъым.
♦ ХьэщІапІэр фыми, уи унэжь нэхъыфІыжщ.
♦ Мыщэм зыщихъумэуэрэ мащэм ихуащ.
♦ Ныбэр нэщІмэ, лъакъуэр щІэкІыркъым.
♦ Пкъымрэ псэмрэ зэІэпыкІыгъуейщ.
♦ Псалъэ гуапэ гугъэдахэщ.
♦ Псалъэм и пэр умыщІэу и кІэр пщІэркъым.
♦ Псым хэлъ пхъэр мэфри, фэм дэлъ гур мэбампІэ.
♦ Кхъахэ хъуари кхъэм ехъуапсэркъым.
♦ КЬапхъэнми имыгъапцІэ иубыдыркъым.
♦ Къалэн зыщщпщІыжыр къалэн пхуохъу.
♦ Къундэпсо гуащІэм кхъуэщцыныр зэрегъэкІуэкІ.
♦ Маэзщ1эр куэдрэ блэрэкъым.
♦ МафІэншэри гъавэншэри зэлъытащ.

● Ди анэм къыІуатэжа хъыбар

ЛІыжь цІыкІумрэ пщымрэ

Пасэм щыгъуэ ди къуажэм дэсащ зы лІыжь цІыкІу. Ар хуабжьу гушыІэрейт, зыгуэр ауан ищІыну е щІэнэкІэну иужь ихьамэ, абыкІэ къыпэлъащІэ жьлэ кІыхьым къыдэкІынутэкъым. Псом хуэмыдэу абы фІыуэ илъагъур пщы пагэхэмрэ уэркъ зыхэфІэзэшхэмрэ зэрыгъэуэнырт, заригъэцІыхужьнырт. ЛІыжь цІыкІур зэрыІуэрыІуэдзыр ящІэрти, пщыхэми абы зыщадэйрт, зыгуэркІэ игу къыдэбгъэрэхуэн къыдэкІэжьмэ жари.

Зэгуэрым псы икІыпІэм деж цІыхушхуэ щызэтрихьат. Абы ирихьалІэу пщы щІалэщІэ къыпухьащ, ишкІи и Іэщэфащэкіи екІуу зэгъэпэщауэ. Пщы щІалэщІэм ибгъу зырызымкІэ бейгуэлитІ къыщІитт. Ар егъэлеяуэ пагэт, нэрыльагъуэт и щхьэ трилъхьэмрэ и напщІэ теГьымрэ хуэдиз зэрыкъуэмыпІыр.

Псы икІыпІэм щытхэм яхэтт ди къуажэгъу лІыжь цІыкІу гушыІэрейри. Мо пщы пагэр щилъагъум лІыжь цІыкІум ину, псоми зэхьэкІын хуэдэу, жиІащ:

- Я дэ ди Тхьэ, мы сэ сльагъур сыт? Ярэби, мыпхуэдэ щІалэ екІу, мыпхуэдэ цІыху зэкІуж щыІэжу си гугъаКъыми! Тобэ, тобэ, адыгэу пІэрэ? Хэт къэжжиІэн мы щауэр къыздикІа щыпІэр? И насыпкъэ апхуэдэкъуэ зиІэ адэм! Хьэуэ, зи унэ насыпкІэ къибгъар ар къызыхэкІа лъэпкъырщ! КъыжьфІэ, хэт хъуну мы жэщи махуи тхьэ сызыхуелъэІуну щІалэ къуданыр?

ЛІыжь цІыкІум гу льитащ пщым и напщІэр машІэу зэрыхэлъэтам икІи нэбгъуэкІэ къызэрыхуелПъэкІам. ЦІыхухэми ялъэгъуащ пщыр и гъусэхэм зыгуэркІэ зэреупщІар. ЗэрыхуагъэфэщамкІэ: «Хэт апхуэдизу хъийм икІауэ зигу срихьа, зи псэм сыдыхьа лІыжь цІыкІур?» - жиІэу щІэупщІауэ арат. Ар къыщыгурыІуэм, лІыжь цІыкІум нэхъри тригъалэу щІидзащ:

- Дауэ? Ди къуажэпщым и щІалэуи?! Е Алыхьым насыпыр зрита пщышхэ, апхуэдэ щІалэ уиІэу хэт и гугъэнт. Нобэ сылІэми, солІэ жысІэнкъым апху